Нобэ Налшык щолажьэ ДАХ-м и Хасащхьэр

ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАУ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№234 (22.892) • 2014 гъэм щэкІуэгъуэм (ноябрым) и 29, щэбэт • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Дыщэкі М. Р. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Щіыхь тхылъыр етыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэралвластым и органкэм илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрыщылажьэм папщІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Щіыхь тхылъыр етын **Дыщэкі Маданэ Руслан** и пхъум - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я лІыкІуэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентымрэ суд органэмрэ щыІэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2014 гъэм щэкІуэгъуэм и 25-м
№243-УГ

Бещтокъуэ Хь. Къ. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цІыхубэ усакІуэ» цІэ лъапІэр фІэщыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Лъэпкъ литературэм зегъэужьыныжкІэ куэд зэриляжьаи папщІэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цІыхубэ усакІуэ» цІэ лъапІэр фІэщын **Бещтокъуэ Хьэбас Къарней и къуэм** - усакІуэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и лъэпкъ музей» къэралкІэзонэ щэнхабзэ Іуэхущ Іапі эм литературэмкІэ и къудамэм и унафэщІым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2014 гъэм щэкІуэгъуэм и 26-м
№244-УГ

● Ди псэлъэгъуэхэр

СЭХЪУРОКЪУЭ Хьэутий:

Лъэпкъым и бжьыфІагъэр щыдгъэлъэгъуэн махуэ угъурлы тхурехъу!

***Зы лъэпкъи щыІэу къыщІэкІынкъым и ехъулІэныгъэхэр иІэтрэ и фІым щыгуфІыкІыу щызэхьхьэ зы махуэ хэха имыІэу. Апхуэдэ махуэхэрщ цІыхубэм я гур щыз зыщІыр, къарукІэ, лъэкІныгъэкІэ, акъылкІэ, щІэныгъэкІэ зыІэрагъэхьаэр къыщапщытэкыр, лъэпкъым и нэхъыжьри и нэхъыщІэри гуфІэу щызэхьхьэр. Адыгэ лъэпкъми апхуэдэ зы махуэшхуэ иІэныр яфІэигъуэу, Дунейпсо, Къэбэрдей Адыгэ Хасэхэм я жэрдэмкІэ, ар къыхалъхьащ икІи цІыху куэд зыщыгуфыкІа Іуэхур къэрал унафэкІэ щІигъэбыдащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий. 2014 гъэм фокІадэм и 20-м щыпІэ куэдым дахэу щекІуэкІащ Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я махуэр. Абы къежьапІэ хуэхъуащ, Іуэху дахэр гукъэкІ зыщІу къыхэзыпЪхьам, нэгъуэщІ упщІэ зыбжанэми жэуап къредгъэтын папщІэ дэ зыхуэдгъэзащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий.*

- Адыгэ лъэпкъым зиужьын, ар нэхъри зэкъуэувэн папщІэ, Іэмал имыІэу Іуэхугуиті япэ игъэщын хуейуэ къызолъытэ. Ар сэ къызгупсысакъым. АтІэ 1990 гъэхэм сэ сыхуэзаэу щытащ къэрал, политикэ, жылагъуэ лэжьакІуэ цІэрыІуэу, Урысей Федерацэм юстицэмкІэ и министру, ЩДДА-м и академикыу, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и япэ тхьэмадэу щыта Къалмыкъ Юрэ. ФІыуэ сощІэж, Щоджэн Мухьэмэд и унэм дыщІэсу, адыгэм и псэуКІэмрэ и къэкІуэнымрэ теухуауэ дыспсалъэу дызэдащысым, дыкъызыхэкІа лъэпкъыр фІы хуэззну дызыхуеймэ, Іуэхугъуэ зыбжанэ икІэщІыпІэкІэ зэфІэдгъэкІыпхъэу ди нэхъыжьыфІым зэрыжиІар. Абыхэм я нэхъыщхьэу Къалмыкъым къилъытэр дунейм адыгэу тетым зы тхыбзэ, литературэбзэ яІэн, етІуанэр я фІыр зэдаІэтрэ я гуныкъуэгъуэхэри щызэдащІэу махуэ щхьэхуэ гъэувын зэрыхуейр. Дэнэ щыпсэу адыгэри зэщхьу тхэрэ, зэщхьу псалъэу щытамэ, абы лъэпкъыр нэхъ зэкъуигъэувэну къилъытэрт Юрэ. Пэжт абы и гупсысэкІэр. Сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, къэрал дапщэ дунейм тет, зы бзэ фІэкІа щыземыкІуэу, лъэпкъ дапщэм игъэунэхуа Іуэху ар?! Японием, Италием, Куржым, Тыркум, нэгъуэщІ къэрал куэдми зы литературэбзэ яІэн хуейуэ унафэ тКІий къыщыдгъэуэрэ нобэ зыІэрагъэхьа екъулІэныгъэхэр нэрылъагъущ.

Мы Іуэхур зэрымыгъэшІыр, занщІэу зэрызэфІэмыкІынур тщІэрт абы щыгъуэм тепсэлъыхьахэм, ауэ апхуэдэ дыдэу кІыхьклІыкІыну си гугъаекъым. Къаплъэмэ, бзэм елажь щІэныгъэлІэкІэ зэхуэтщэрэ зэчэнджещурэ зы жыпхъэ пыухыкІа яубзыхуамэ, ар республикищым я Парламентхэм ящыщащтэн хуейуэ арат. Зи гугъу сщІыр нэхъ тыншу зэдгъэхъулІэфыну щыщыта зэманм диІаш - адыгэ зэрыс республикэхэм зы парламент дыщІам щыгъуэ. Зыуэ щыт парламентыр хуабжьу Іуэху зэфІэгъэкІт абы и лъэныкъуэкІи, нэгъуэщІ ІуэхугъуэхэмкІи. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъущи, ар зэи кІыхъуемыгъэгъэзэжыну тІэщІэкІа фІыгъуэшхуэщ, зэгуэр зэкІуэдэжа къэралыгъуэшхуэм ещхьу.

Бзэм и Іуэхуи нэхъри нэхъ мыхьэнэ ин зиІэ ди лъэпкъым ехьэлІауэ зэфІэгъэкІын хуейкъэ яхэткъым жысІэмэ, сыщыуэнукъым. ЕтІуанэр - нобэ дызытепсэлъыхь лъэпкъ махуэшхуэращ. Дэ куэд щІауэ щыгъуэ пэкІуэгр идогъэкІуэкІ накъыгъэм и 21-м. Апхуэдэ нэщхъеягъуэ зэхьыхьэрэ адыгэ щыпсэу дэнэ щІыпІи щыІэщ. «ЦІыгъуэм щыгъуэ къешэ» жаІэ игъащІэми. БлэкІар зыщыщдгъэгъупщэнкІэ Іуэмал иІэкъым, ауэ щыгъуэ защІэкІэ дыпсэунри къеззгъыркъым. Иджы мы гуфІэгъуэ махуэм лъэпкъэ дыззэрипхыу, ди хьэл-щэн, ди фащэ, ди дуней тетыкІэ, ди ерысыкъы Іэфі эр, хьэщІэхуэфІу дыззэрыщытыр дгъэпъагъуэу, ди нэхъыфІыр сэтей къэтщІри ди цІэр зыгъэІуэм гулъытэ хуэтщІыжу дыкъекІуэкІын хуейщ.

(КІэухыр 2-нэ нап.).

● Ди псэлъэгъуэхэр

СЭХЪУРОКЪУЭ Хьэутий:

Лъэпкъым и бжьыфІагъэр щыдгъэлъэгъуэн махуэ угъурлы тхурехъу!

***Зы лъэпкъи щыІэу къыщІэкІынкъым и ехъулІэныгъэхэр иІэтрэ и фІым щыгуфІыкІыу щызэхьхьэ зы махуэ хэха имыІэу. Апхуэдэ махуэхэрщ цІыхубэм я гур щыз зыщІыр, къарукІэ, лъэкІныгъэкІэ, акъылкІэ, щІэныгъэкІэ зыІэрагъэхьаэр къыщапщытэкыр, лъэпкъым и нэхъыжьри и нэхъыщІэри гуфІэу щызэхьхьэр. Адыгэ лъэпкъми апхуэдэ зы махуэшхуэ иІэныр яфІэигъуэу, Дунейпсо, Къэбэрдей Адыгэ Хасэхэм я жэрдэмкІэ, ар къыхалъхьащ икІи цІыху куэд зыщыгуфыкІа Іуэхур къэрал унафэкІэ щІигъэбыдащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий. 2014 гъэм фокІадэм и 20-м щыпІэ куэдым дахэу щекІуэкІащ Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я махуэр. Абы къежьапІэ хуэхъуащ, Іуэху дахэр гукъэкІ зыщІу къыхэзыпЪхьам, нэгъуэщІ упщІэ зыбжанэми жэуап къредгъэтын папщІэ дэ зыхуэдгъэзащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий.*

- Адыгэ лъэпкъым зиужьын, ар нэхъри зэкъуэувэн папщІэ, Іэмал имыІэу Іуэхугъуиті япэ игъэщын хуейуэ къызолъытэ. Ар сэ къызгупсысакъым. АтІэ 1990 гъэхэм сэ сыхуэзаэу щытащ къэрал, политикэ, жылагъуэ лэжьакІуэ цІэрыІуэу, Урысей Федерацэм юстицэмкІэ и министру, ЩДДА-м и академикыу, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и япэ тхьэмадэу щыта Къалмыкъ Юрэ. ФІыуэ сощІэж, Щоджэн Мухьэмэд и унэм дыщІэсу, адыгэм и псэуКІэмрэ и къэкІуэнымрэ теухуауэ дыспсалъэу дызэдащысым, дыкъызыхэкІа лъэпкъыр фІы хуэззну дызыхуеймэ, Іуэхугъуэ зыбжанэ икІэщІыпІэкІэ зэфІэдгъэкІыпхъэу ди нэхъыжьыфІым зэрыжиІар. Абыхэм я нэхъыщхьэу Къалмыкъым къилъытэр дунейм адыгэу тетым зы тхыбзэ, литературэбзэ яІэн, етІуанэр я фІыр зэдаІэтрэ я гуныкъуэгъуэхэри щызэдащІэу махуэ щхьэхуэ гъэувын зэрыхуейр. Дэнэ щыпсэу адыгэри зэщхьу тхэрэ, зэщхьу псалъэу щытамэ, абы лъэпкъыр нэхъ зэкъуигъэувэну къилъытэрт Юрэ. Пэжт абы и гупсысэкІэр. Сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, къэрал дапщэ дунейм тет, зы бзэ фІэкІа щыземыкІуэу, лъэпкъ дапщэм игъэунэхуа Іуэху ар?! Японием, Италием, Куржым, Тыркум, нэгъуэщІ къэрал куэдми зы литературэбзэ яІэн хуейуэ унафэ тКІий къыщыдгъэуэрэ нобэ зыІэрагъэхьа екъулІэныгъэхэр нэрылъагъущ.

Мы Іуэхур зэрымыгъэшІыр, занщІэу зэрызэфІэмыкІынур тщІэрт абы щыгъуэм тепсэлъыхьахэм, ауэ апхуэдэ дыдэу кІыхьклІыкІыну си гугъаекъым. Къаплъэмэ, бзэм елажь щІэныгъэлІэкІэ зэхуэтщэрэ зэчэнджещурэ зы жыпхъэ пыухыкІа яубзыхуамэ, ар республикищым я Парламентхэм ящыщащтэн хуейуэ арат. Зи гугъу сщІыр нэхъ тыншу зэдгъэхъулІэфыну щыщыта зэманм диІаш - адыгэ зэрыс республикэхэм зы парламент дыщІам щыгъуэ. Зыуэ щыт парламентыр хуабжьу Іуэху зэфІэгъэкІт абы и лъэныкъуэкІи, нэгъуэщІ ІуэхугъуэхэмкІи. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъущи, ар зэи кІыхъуемыгъэгъэзэжыну тІэщІэкІа фІыгъуэшхуэщ, зэгуэр зэкІуэдэжа къэралыгъуэшхуэм ещхьу.

Бзэм и Іуэхуи нэхъри нэхъ мыхьэнэ ин зиІэ ди лъэпкъым ехьэлІауэ зэфІэгъэкІын хуейкъэ яхэткъым жысІэмэ, сыщыуэнукъым. ЕтІуанэр - нобэ дызытепсэлъыхь лъэпкъ махуэшхуэращ. Дэ куэд щІауэ щыгъуэ пэкІуэгр идогъэкІуэкІ накъыгъэм и 21-м. Апхуэдэ нэщхъеягъуэ зэхьыхьэрэ адыгэ щыпсэу дэнэ щІыпІи щыІэщ. «ЦІыгъуэм щыгъуэ къешэ» жаІэ игъащІэми. БлэкІар зыщыщдгъэгъупщэнкІэ Іуэмал иІэкъым, ауэ щыгъуэ защІэкІэ дыпсэунри къеззгъыркъым. Иджы мы гуфІэгъуэ махуэм лъэпкъэ дыззэрипхыу, ди хьэл-щэн, ди фащэ, ди дуней тетыкІэ, ди ерысыкъы Іэфі эр, хьэщІэхуэфІу дыззэрыщытыр дгъэпъагъуэу, ди нэхъыфІыр сэтей къэтщІри ди цІэр зыгъэІуэм гулъытэ хуэтщІыжу дыкъекІуэкІын хуейщ.

(КІэухыр 2-нэ нап.).

Хэку зауэшхуэм хэтахэм яхуэфащэ гулъытэ хуащІынущ

ТекІуэныгъэ Иныр илъэс 70 зэрырикъур ди республикэм зэрыщагъэлъэпІэнум теухуа зэІущІэ КъБР-м и Правительствэм и Унэм щекІуэкІащ. Ар къызэІуихащ КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий.

- ЗэІущІэм кърихьэлІа дэтхэнэми къыдгуроІуэ мы Іуэхур жэуаплІныгъэ тхэлъу зэрызэфІэдгъэкІыпхъэр. Пщіэрэ щыхьэрэ яхуэфащэщ Хэку зауэшхуэм и гуащІэгъуэм хэтахэм, ар зи нэгу щІэкІахэм, - жиІащ КІуэкІуэм. - Гулъытэшхуэ яхуэтщІын хуейщ ди нэхъыжьхэм папщІэ къызэдгъэпэщыну сыт хуэдэ Іуэхуми. А къалэнхэр лІэужьыгъуитІу зэщхьэщокІ: къызэдгъэпэщыну нэгузыужь программэхэмрэ зауэм и ветеранхэм гулъытэ зэрахуэтщІыну, зэрызащІэдгъэкъуэну щыкІэхэмрэ. Нэхъыщхьэу мы Іуэхум хэтлъхьэн хуейр гу хуабагъэщ.

Сыхуейщ абы теуха фи гупсысэкъэ наІуэ къэсфщІыну, Іуэхум зэрызыхуэвгъэхьэзыр щІыкІэхэм зыщыгъэгъуэззну. Сыт нобэкІэ дызыхунэсар, сыт гу зылъыдмытэу къэнар? Іуэхум іэныкъуэ куэдкІэ убгъэдыхьэ мэхъу. НэхъыфІыр къыжэтхьн папщІэ гупсысэрэ Іэмалу щыІэхэм дахэплъэн хуейщ. Хэку зауэшхуэр зэриухрэ илъэс 70 зэрырикъум теухуа Іуэхухэр щІэщыгъуагъ хэлъу егъэкІуэкІыным дыхущІэвгъэкъу, сыту жыпІэмэ, абы поплъэ цІыху куэд, - жиІащ КъБР-м и Іэтащхьэм.

(КІэухыр 2-нэ нап.).

«ФІы щІэным фыхуэпІащІэ»

Дыгъэгъазэм и 3-м. Ныкъуэдыкъуэхэм я дунейпсо махуэм, Профсоюзхэм щэнхабзэмкІэ я унэм «ФІы щІэным фыхуэпІащІэ» республикэ псапащІэ марафон щекІуэкІынущ. Іуэху гуапэр зэрекІуэкІым фыкІэльыплъыфынущ «Къэбэрдей-Балъкъэр» ГТРК-м и ТВ-мкІэ.

ПСАПАЩІЭ марафоным къыхэкІыну мылькур трагъэкІуэдзэнущ сабий сымаджэхэр гъэхъужыным, абыхэм я узыншагъэр зэфІэгъэувэжыным, унагъуэ хэмыщІакъым къыхэкІа ныбжьыщІэ зэчиифІэхэм ядэІэпыкъуным, щытыкІэ гугъум кьыхутахэм защІэгъэкъуэным. Апхуэдэу къуажэхэм дэс бынунагъэшхуэхэм жэм къажэщэхуным теухуа проектыр гъэззэщІэнэ а ахъшэм щыщ Іыхьэ гуэр хухахыщ.

Іуэху щхьэпэр къыззрагъэпэщ «Урысей зэкъуэт» урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щыІанльэ къудамэр я дэІэпыкъуэгъуэ КъБР-м и Сабий фондымрэ «Къэбэрдей-Балъкъэр» ГТРК-м и ТВ-мрэ.

КъБР-м и Сабий фондым зэрызыпыщІэнур: тел.: **8 (8662) 47-21-87, 40-16-75**; электроннэ хэщІапІэр: **childfond@rambler.ru**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Печатымрэ цІыхубэ коммуникацэхэмкІэ и къэрал комитетым и пресс-Іуэхущ Іапі эм.

ЗэІущІэхэр • Лъэпкъ Іуэху

КЪЭБЭРДЕЙ

Махуэгъэпс • Щэнхабзэр • Матьхъэдис

Мы махуэхэм

Щэкіуэгъуэм и 29, щэбэт

♦Башкортостан Республикэр къыщыдзэрагъэпэща махуэщ

♦Албаниер фашист зэрыпэхъуакІуэхэм къыщыІэщІагъэкІыжа (1944 гъэм) махуэщ

♦1394 гъэм Сеул Кореем и къалащхьэ хъуащ.

♦1899 гъэм Испанием къыщызэрагъэпэщащ «Барселона» футбол клубыр. Иджыпсту ар дуней псом щынэхъ цІэрыІуэ дыдэхэм ящыщщ.

♦1917 гъэм Цагъуэ Нурийрэ Бим Іэдэмрэ «Адыгэ макъ» газетым и яп номерыр къыдагъэкІащ.

♦1941 гъэм Петрищевэ къуажэм (Москва область) нэмыцІэ фашистхэм партизанкэ Космодемьянская Зое (Таня) щхьэпылъэ щащІащ. Генерал-лейтенант, УФ-м щыІэхь зиІэ и ухуакІуэ, техникэ щІэныгъэхэм я доктор **Хьэмхъуокъуэ Руслан** и ныбжьыр илъэс 61-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритыкІэ, Налшык уфауэ щыщытынущ. Махуэм хуабэр 1 градус, жэщым щыІэр 1 градус щыхьунущ.

Щэкіуэгъуэм и 30, тхьэмахуэ

♦Анэм и махуэщ. УФ-м и Президентым и унафэм ипкъ иткІэ 1998 гъэ лъандэрэ ягъэлъапІэ.

♦Тыркумэным щагъэлъапІэ гъавэм и махуэр

♦1571 гъэм Къэбэрдей пщы уэлий Идар Темрыкъуэ (пащтыхь гуэш Марие и адэр) дунейм ехьжащ.

♦1968 гъэм Гагарин Юрий и цІэр зезыхьэ дыщэ медаль ягъуэващ.

♦Молдовэ Республикэм парламент хэхыныгъэхэр (пащтыхь гуэш Марие и адэр) дунейм ехьжащ.

♦Адыгэ автоном щыІанльэм и унафэщІу илъэс куэдкІэ щыта, СССР-м и лІыкІуэу Болгариеи щыІэжьа **Бэрэддж Нухь** къыззралъхьурэ илъэс 89-рэ ирокъу.

♦УФ-м щыхь зиІэ и дохутыр, Мэздэгу адыгэхэм ящыщ **Жылокъуэ Зинаидэ** къыззралъхьурэ илъэс 85-рэ ирокъу.

♦КъШР-м щыщ кулькъущІэ, ялэ класс зиІэ къэрал чэнджещэгъэныгъэ, ЩДДА-м, МАИ-м, МАДЕН-м я академик **Темыр Умар** и ныбжьыр илъэс 82-рэ ирокъу.

♦Режиссёр Къубатий Мухьэмэд и ныбжьыр илъэс 73-рэ ирокъу.

♦Москва щыплажьэ дохутыр Іэзэ, медицинэ щІэныгъэхэм я кандидат **Балъкъыз Вячеслав** и ныбжьыр илъэс 39-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритыкІэ, Налшык уфауэ щыщытынущ, уэс тІэкІу къыщесынущ. Хуабэр махуэм 1 градус, жэщым градуси 2 щыхьунущ.

Дыгъэгъазэм и 1, блыщхьэ

♦СПИД-м ебэныным и дунейпсо махуэщ

♦1917 гъэм Тарч-Дагъыстэн правительствэ къыззрагъэпэщат.

♦1945 гъэм ЦІыхубзхэм я дунейпсо демократие федерацэр (МДФЖ) къыззрагъэпэщащ.

♦Маршал, Совет Союзым плІэнэйрэ и ЛІыхъжь **Жуков Георгий** къыззралъхьэ илъэси 118-рэ ирокъу.

♦Биологие щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор **КІэш Антонинэ** къыщалъхьа махуэщ.

♦Уэрэджы Іакіуэ, УФ-м щыхь зиІэ и артисткэ **Сосмакъ Валентинэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦Композитор, АР-м гуаздджэхэмкІэ щыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Сихьу Рэмэзан** къыззралъхурэ илъэс 76-рэ ирокъу.

♦КъБР-м цІыхухэм социальнэ и лъэныкъуэкІэ къащхьэщыжьыныкІэ щыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Джэш ФатІимэ** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритыкІэ, Налшык уфауэ щыщытынущ. ЩыІэр махуэм 1 градус, жэщым градуси 2 - 3 щыхьунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Партым и жылагъуэ Іуэхущ Іапі эхэр зэІухауэ щытынущ

«Урысей зэкъуэт» Урысейпсо политикэ партыр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 13 ирокъу. А пІалъэр гъэлъэпІэным хиубыдэу блыщхьэм, дыгъэгъазэм и 1-м, партым и тхьэмадэ Медведев Дмитрий и жылагъуэ Іуэхущ Іапі эу Налшык къалэм дэтым, апхуэдэ Іуэхущ Іапі эу республикэм и къалэ, район псомкІи щыІэхэм я бжэхэр зэІухауэ щытынущ.

АБЫХЭМ я щхьэ Іуэхукіэ, лэжьыгъэкІэ е жылагъуэ Іуэхущ Іапі эхэр къыщІэкІуэ Урысей Федерацэм и Къэрал Думэм и депутатхэу Геккиев Заур, Васильев Юрий, КъБР-м и Парламентым и депутатхэр, «Урысей зэкъуэт» политикэ партым и щІыналъэ политическэм и секретарь Бозий Натбий, партым и къалэ, район къудамэхэм я политическэм я секретархэр, щІыналъэ администрацэхэм я Іэтащхьэхэр, республикэм и министерствэ, ведомствэ щхьэхуэхэм я лІыкІуэхэр.

Дыщэкі М. Р. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Щіыхь тхылъыр етыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэралвластым и органкэм илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрыщылажьэм папщІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Щіыхь тхылъыр етын **Дыщэкі Маданэ Руслан** и пхъум - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я лІыкІуэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентымрэ суд органэмрэ щыІэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2014 гъэм щэкІуэгъуэм и 25-м
№243-УГ

Бещтокъуэ Хь. Къ. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цІыхубэ усакІуэ» цІэ лъапІэр фІэщыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Лъэпкъ литературэм зегъэужьыныжкІэ куэд зэриляжьаи папщІэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цІыхубэ усакІуэ» цІэ лъапІэр фІэщын **Бещтокъуэ Хьэбас Къарней и къуэм** - усакІуэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и лъэпкъ музей» къэралкІэзонэ щэнхабзэ Іуэхущ Іапі эм литературэмкІэ и къудамэм и унафэщІым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2014 гъэм щэкІуэгъуэм и 26-м
№244-УГ

УФ-м и Правительствэм и Унафэщ Іым и къуэдзэ Козак Дмитрий цІыхухэр жьы дыдэ хъуа унэхэм къыщІэгъэІэпэхъукІыным хуэунэтІа программэр щІэгъэхуэбжьауэ зыгъэзащІэ щІыналъитхум я нэхъыфІу къилъытащ Къэбэрдей-Балъкъэрыр

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий щэкІуэгъуэм и 28-м хэтащ Урысейпсо селекторнэ зэІущІэм, Урысей Федерацэм и Правительствэм и УнафэщІым и къуэдзэ Козак Дмитрий иригъэкІуэкІам. Абы щытепсэлъыхьащ цІыхухэр кхъахэ хьуа унэхэм къыщІэгъэІэпэхъукІыным хуэунэтІа щІыналъэ программэхэмрэ къат куэду зэтет псэупІэ унэхэр сыт и лъэныкъуэкІи зыхуей хуэзэу зэгъэпэщыжыным хуэгъэпса программэхэмрэ зэрагъэзащІэ щІыкІэм.

УФ-м и вице-премьерым къыхигъэщащ цІыхухэр ущыпсэункІэ шынагъуэ хьуа унэхэм къыщІэгъэІэпэхъукІыным социально-экономикэ кьалэн нэхъыщхьэ дыдэу зэрыщытыр икІи ар Іэмал имыІэу ящІэзэщІэн зэрыхуейр. Козак Дмитрий кърибжэкІащ программэр илъэ ипу щагъэзащІэ хэгъуэгуэр. ЩІыналъитхум абыкІэ япэ итыр КъэбэрдейБалъкъэрыращ.

КъБР-м Ухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и министерствэм къызэритамкІэ, жьы дыдэ хьуа унэхэм ящыщу 44-м щІэса цІыху 553-рэ къыщІагъэІэпэхъукІащ программэм и япэ Іыхьэр щагъэзащІэм. А Іуэхум псори зэхэту трагъэкІуэдащ сом мелуан 259,611-рэ. Къат мащІэ фІэкІа мыхъу псэупІэхэр ухуэным хьихьэу унэ 62-рэ ятащ. Программэм и етІуанэ Іыхьэр (2014 - 2015 гъэхэм) гъэззэщІэным сом мелуан 391,6-рэ хухахынущ икІи абы Іэмал къытынущ цІыху 825-рэ кхъахэ хьуа унэхэм къыщІэгъэІэпэхъукІыныжкІэ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі эр.

АнэфІхэм щапхъэ ятефх

● Дыгъуасэ

КъБР-м и Правительствэм и Унэм щагъэлъэпІащ бын куэд зыпІхэр. Зэхьыхьэ гуапэр хуагъэпсат Анэм и махуэм. Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий зэІущІэр къыщыізІуихьм псалъэ гуапэкІэ захуигъэзащ абы къарагъэблэгъахэм.

- ФЭ ЗЭРЫФЩІЭЩІ, щэкІуэгъуэм и иужьрей тхьэмахуэ махуэм ди къэралым щагъэлъапІэ Анэм и махуэр. Ар махуэ ипЪапІэ щы-Іэм йофІэкІыж. Дэри анагъэм иІэ социальнэ мыхьэнэр зэрыин дыдэр абы ирихьэлІэу иджыри зэ къэдгъэлъэгъуэну дыхуейщ. Нобэ фи цІэр къыззриІуэ «Анэм и щыхь» дамыгъэ лъапІэр еш фымыщІэу фи бынэм фаззрыщхьэщытым, нэхъыфІу фиІэр абыхэм ябгъэдэлъхьэу къызэрывгъэтэджым, фи унагъуэм иль хабзэ дахэхэр гъэбэгъуэным махуэ къэс фызэрытелажьэм къыпэкІуа саугъэтщ. Зым хуэмыдэуи фэ фыщыгъуаззщ унагъуэм иль хуабагъэр хъумэн, абы ихэм льагъэныгъэрэ пщІэрэ яку дэлъын папщІэ хуэныкуеину псомИ. Фэ лъэпкъым и къэкІуэнум хуэлажьэ цІыхум фришащхьэщ. Нэмыщ Іу тхакІуэ Жан-Поль Рихтер пэжу жиІауэ щытащ: «Анэм я нэхъыфІхэр кьыдэфти, быным я нэхъыфІ дыхъунщ» псалъэхэр. ЦІыхум и зэфІэкІым зэрызыужьын лъабжьэ, кьежьапІэ пэж быным зэрвгъэльагъум папщІэ щІыхьым я нэхъ лъагэр къыволажь. ХьэлыфІ псори цІыхум щызэхихпъхьэр унагъуэращ. Дэри ар фІыуэ къыдгуроІуэри, зэрытхузэфІэкІкІэ зыфщІэдгъэкъуэну дыхьэзырщ, - захуигъэзащ КІуэкІуэм анэхэм.

Республикэм и Іэтащхьэм и гугъу ищІащ унагъуэм зегъэужьыным, абы лъабжьэ быдэ егъэщІыным хуэунэтІауэ республикэм къыщалэт Іуэхухэмрэ ди дежь щыпажьэ программэ щхьэхуэхэмра. Апхуэдэу КІуэкІуэм жиІащ цІыхухэм я бжьыгъэм хэхъуэн папщІэ унагъуэхэр зыхуейхэмкІэ къызэгъэпэщыным, Іэпкъльэпкъкьи псэкІи зыужьыныгъэ зыгъуэта щІэблэ къэгъэтэджыным я мурадхэри ящІэнэхэри хуэгъэпсауэ зэрыщытыр.

ЗэІущІэм и кІэухым КІуэкІуэ Юрий анэхэм фІыщІэ яхуищІащ яхэлъ шыІэныгъэ иным, зэфІэкІ льагъэм папщІэ, апхуэдэуи къыхигъащІащ абыхэм республикэм, къэралым хэльхьэныгъэшхуэ зэрыхуащІыр, бын куэд зыпІхэр хэкум и цІыху льапІэхэм ящыщу къызэрилъытэри дыщІигъуэщ. И псалъэхэм я кІэухыу КІуэкІуэ Юрий екъулІэныгъэ я бащэу, хэхуэу я куэду, мамырыгъэрэ льагъуныгъэрэ я унагъуэм имыкІыу илъэсыщІэ угъурлы тхьэну екъуэхуэхуащ кьыззхуэсахэм.

Ди республикэм щыщу «Анэм и щыхь» медалыр мы гъэм цІыху 42-м ираташ. Абыхэм ящыщу и закъуэу быних къэзыгъэтэдж Санкишиев Хьэжмурат медалыр тыгъэ щыхуащым пэшым щІэсхэм Іэгуауэшхуэ хуаІэтат. Бынипщ зиІэ Къуэжьокъуэ Аксанэ «ГАЗель» автобус цІыкІу ираташ, бын бгъурыбгъу зиІэ Михайловэ Маринэрэ Бэлэтокъуэ Аксанэрэ гулъытэ хуащІащ.

Фигу къэдгъэкІыжынщи, «Анэм и щыхь» медалыр зыхуагъэфащэхэм бын къэс хуэззу сом мин пщІырыпщІ ират. БынипщІ е нэхъыбэ зиІэ унагъуэхэм «ГАЗель» автомашинэ тыгъэ хуащІ. Сабиищ зэуэ къызыхэхъуа унагъуэм дэтхэнэми хуэззу сом мин 50 къэралым ирет.

2008 гъэ лъандэрэ «Анэм и щыхь» медалыр ди республикэм щыщу бзылъхугъэ 185-м хуагъэфэщащ, абыхэм ящыщу 32-м «ГАЗель» автомашинэ ираташ.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Укъызыщащ Іэм акъылщи, укъызыщамыщ Іэм былымщ.

Газетхэмрэ журналхэмрэ къезыгъэхьэм гу зылъатапхъэ

2015 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм къаІэрыхьэну газетхэмрэ журналхэмрэ Іэ трегъэдзэнымкІэ лэжьыгъэхэм хиубыдэу дыгъэгъазэм и 5 - 15-хэм пощт ІуэхущІапІэхэм къекІуалІэхэм езыхэм я кьыхаха республикэ, къэралпсо газетхэмрэ журналхэмрэ я уасэхэм хукІэрагъэхунущ. А лэжьыгъэр къыщызэрагъэпэщ пощт ІуэхущІапІэ псомИ.

Пощт зэпыщІэныгъэмкІэ федеральнэ ІуэхущІапІэм и Управленэу КъБР-м щыІэ.

Хэку зауэшхуэм хэтахэм яхуэфащэ гулъытэ хуащIынущ

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр **Къумахуэ Мухьадин** ТекIуэнигъэм и махуэшхуэр гъэлъэпIэным папщIэ къагъэсэбэпыну Iмамлхэмрэ ирагъэкIуэкIыну лэжьыгъэхэмрэ щытепсэлъыхьым жиIащ абы елэжь комитет щхьэхуэ кьиззэрэзагъэпэщар.

- Мардэ гуэр дубзыхуэяр, абы дытету долажьэ, - жиIащ министрым. - Япэрэуэ, гу зылъытапхъэхэм ящыщыр Хэку зауэшхуэм хэкIуэдахэм я фэепIыу республикэм щыIэхэр. ФэепIыр 238-рэ къэгъэщIэрэщIэжьын, гъэкъэбзэн хуейщ. Щхьэхуэу якIэлъпльыжьын хуейщ МафIэ мыужьыхьэм. Апхуэдэу ди республикэм щыIэщ 39-рэ. 34-р зэпымыууэ маблэ, 5-р махуэшхуэхэм ирихьэлIэу пагъанэру аращ, - жиIащ Къумахуэм.

Кьыхихгъащ Совет Союзым и ЛIыхъужьхэу Къардэнхэ Къубатийрэ Къэбэрдырэ зэкIуэшхэм фэепIыр яхуэгъувыным теухуа Iуэху зэраублар.

- Иджыпсту Щэнхабзэмкъэ министерствэм зэпеуэ ирегъэкIуэкI фэепIлъым и проектэр щыIнымкIэ. Мыхьэнэшхуэ иIэщ 115-нэ щуудзэм хэтахэр щыхэкIуэда щыпIэкэр гъэнэIуэным, абыхэм я хьэдэхэр зыщIэлъхэр зэгъэщIэным ехьэлIа лэжьыгъэхэмэ. ЛъыхъуакIуэ гупхэр Iуэхум ящIэ итщ, архив Iуэхущ IапIэхэр йолажь губгъуэм кьина лIыхъужьхэм я щIэ-унэцIэкэр къэхутэжьынм, Iэмал зэрилэжIэ, абыхэм я благъэ-Iыхьлыхэр къэгъуэтыным, запыщIэным, - кьюпищащ адэкIэ министрым.

Къумахуэ Мухьадин убгъуауэ тепсэлъыхьащ махуэшхуэр щагъэльапIэнум ирихьелIэу якьызэрагъэпэщыну нэгуэлъжь программэхэм, еджапIэ-хэм, библиотекэхэм щагъэхьэзырыну зэIущIэхэм, пшыхьхэм, дерсхэм. КьыхтеувыIащ мы гъэм зи ныбжьыр илъэси 100 ирикьу, Хэку зауэшхуэм хахуэу хэта тхакIуэшхуэ КIыщокъуэ Алим теухуауэ пшыхьхэр зэрекIуэкIам.

КъБР-м и Парламентым и УнафэщI **Егоровэ Татьянэ** министрым жриIащ феепIлъэр зыхуей хэзгъэзэн папщIэ зыхуеину мыпIкур къабжьыну, бюджетыр щаубзыкукIэ хагъэхьэн хуэдэу.

КъБР-м лэжьыгъэмкIэ, цIыхухэр Iэнатlэхэмкlэ кьызэгъэпэщыныгъэ социальнэ дэIепыкъуныгъэмкIэ и министр **Тюбеев Альберт** зэIущIэм хэтхэр щигъэгъуэзащ бжыгъэ щхьэхуэхэм. Министерствэм кьызэрыщабжамкIэ, нобэкIэ КъБР-м щопсэу Хэку зауэшхуэм и ветеран, зауэм ныкъуэдыкъуэ щыкъуауэ цIыху 436-рэ, зи щхьэгъусэ зауэм хэкIуэдауэ бзылъхугъэ 55-рэ, зауэ нэужьым дунейм ехьажахэм я фызабэ 1498-рэ, гъэрыпIэм исауэ - 65-рэ, тылым щыIауэ - 7063-рэ. Минстрым жиIащ мазэ къэс бжыгъэхэм щIэрыщIэу зэрыкIэпылъыжьыр.

КъБР-м ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министрым и кьуэдзэ **Бэлагъы Борис** зэрыжиIамкIэ, псэупIэ хуэныкъуэщ ветеран 35-рэ. Абыхэм ящыщу 29-р уиэ зратынкъэм и чэзум щытщ, кьанэ цIыхухэм папщIэ сом мелуаних яхурикъуфкыым.

Зауэм хэтахэм ягъуэт медицинэ дэIепыкъуныгъэм ехьэлIауэ зэIущIэм кьыщыпсэлъа, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и кьуэдзэ - узыншагъэр хьэмэныкIэ министр **Шэт Ирмэ** кьыхигъэщащ ветеранхэмрэ тылым щылэжьахэмрэ пщIэншэу хущхъуэ зэрыратыр.

- Хущхъуэм и пIэкIэ ахъшэ нэхъ къэзыщтэжам федеральнэ мылькум кьыхэкIыу дэтхэнэмэ мазэ кьэс сом 671-рэ ятIонэрэ, - жиIащ абы.

КъБР-м и Iэтащхьэм министрым чэнджэщ иритащ ветеранхэм, зауэм ныкъуэдыкъуэ щыхъуахэм я деж ешыр кIуэурэ я Iуэху зыIутыр зэригъэльагъэну.

КъБР-м егъаджэнымкIэ, щIэныгъэмрэ щIалагъуалэм я IуэхуэмкIэ и министрым и кьалэнхэр зыгъэзащIэ **Устэ Джульеттэ** зэпкърыхауэ кьытеувыIащ, махуэшхуэм зэрызыкъуагъэхьэзыр щIыкIэм.

- ЩIэблэр хэкупсэу кьыдагъэкIуэтеин мурадкIэ, ЕгъаджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалагъуалэм я IуэхуэмкIэ, ЛэжьыгъэмкIэ, цIыхухэр Iэнатlэкlэ кьызэгъэпэщыныгъэ социальнэ дэIепыкъуныгъэмкIэ министерствэхэм зэгъуэсу кьызэдгъэпэщащ «Ди унагъуэм Хэку зауэшхуэм хуиIэ пылъ щIэныгъэхэр» сочиненэ зэпеуэр. Республикэ зэпеуэр егъэкIуэкIыныжьмкIэ щIэгъэкъуэн мэхъу «Урысей зэкъуэт» политикэ партыр. 2015 гъэм и щIылъэм зэпеуэм кьэрикIуахэр кьэтгущытэжынуц. Ремэ Республикэм и школхэм кьэщыщэрагъэпэщащ «Си Хэкум и тхыдэр», «Зыри тщыгъупщэнукъым» сурэт гъэлъэгъуэныгъэхэр. Школхэм егъэщIылIа музейхэм щекIуэкIынущ зауэм и ветеранхэмрэ еджакIуэхэмрэ я зэIущIэхэр. 2015 гъэм екIуэкIынущ «Сэлэт щыIыкъум и махуэ», «ТекIуэныгъэм и письмо», «Фэепlлъм и шэху уэздыгъэ», «МафIэ мыужьыхь» пшыхьхэр, - щигъэгъуэзащ абы зэIущIэм хэтхэр.

Налшык кьалэ администрацэм и унафэщIым и кьалэнхэр зыгъэзащIэ **Тонконог Анатолий** Iуэхум зэрызыхуагъэхьэзырым тепсэлъыхьащ. КьыхихгъащхьэкIащ, республикэм стела зэрыщагъэувынур, фэеплъ альбом кьызэрыдагъэхIынур.

КъБР-м и Верховнэ Совет и советым и унафэщI **Шыхъуэбахъуэ Мухьэмэд** и кьэпсэлъэныгъэм кьыхихгъащ Псынабэ кьуаанэм Хэку зауэшхуэм хэкIуэдахэм я фэепIлъ зэрыдэмытыр и жагъуэ зэрыхъур икIи республикэм и унафэщIхэм лъэIукIэ захуигъэзащ абы гулыитэ хуащIыну. Район щхьэхуэхэм щыпсэу ветеранхэм я Iуэху зыIутым и гугъу щищым, Шыхъуэбахъуэм щапхъэу кьихьащ Дзэпыкъуэ районым и администрацэм и унафэщI Джатэ Руслан ветеранхэм яхуищI пщIэр:

- КIыхьэзмыгъащу слъэкIыныкъым Джатэ Руслан и лэжьакIэр. Районым щыпсэу дэтхэнэ ветеранри я щIэунэцIэкIэ ецIыху, и нэIэ щIэтщ, - жиIащ абы.

КIуэкIуэ Юрий Правительствэм и лэжьакIуэхэм пщарыль ящищIащ Хэку зауэшхуэм и ветеранхэр и нэIэ щIагъэтыну.

- Министрхэмрэ абыхэм я кьуэдзэхэмрэ зэтеигъаша Хэку зауэшхуэм хэтахэр, абы ныкъуэдыкъуэ щыхъуахэр. Ахэр зэрыхъужьыр цIыху 463-рэщ - блырыбл фхуэхъуну аращ, - тригъэчныныхьащ республикэм и Iэтащхьэм. ХущхъуэкIэ, псэупIэкIэ, сомкIэ дэIепыкъуныгъэ етыным папщIэ щIапхъэхэр икIащIыпIэкIэ яубзыхуну яжриIащ.

КъБР-м и Iэтащхьэм Правительствэм и УнафэщI **Мусуков Алий** пщэрыль щиIащ ветеранхэмрэ ахэр зэгъэщIылIа министрэхэмрэ махуэ зыбгъупщIым кьэриубыдау щигъэгъуэзэн. КIуэкIуэ Юрий жиIащ махуэшхуэм ирихьэлIэу «Iуащхьэмахуэ лъапэ» зыгъэпсэхупIэ кьызэрызэIуахынри.

- Си гугъащ ар ветеранхэм папщIэ тыгъэ хьарзынэ хъуну, - кьыхихгъащ Iэтащхьэм.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

Лъэпкъым и бжьыфIагъэр щыдгъэлъэгъуэн махуэ угъурлы тхурехъу!

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

ЕтIуанэрауэ, махуэшхуэ диIэн хуейуэ кьыщIэслъытэм и зы щхьэхусыгъуэщ мыри: щыгъуэм, губжьым, гуэзвэгъуэм хапIыкIа щIэблэм и гуп илъу кьэхъур дыджщ, щугъащ. ЩIалэгъуалэм сытым дежи нэхъ гущIэгъу зыхащIа кьекIуэкI Iуэхур. Кавказ зауэм кьытхуихьа лъапсэрыкIуэ кьыхегъэзэжкрэ «дгъэнащIуу», абы зэкIуэдазэм дахуэщыгъуэ зэпыту дызэхэткIа, ди щIэблэр фIым хуэгъэуша хъунукъым. Зи хэкум щIэбэна, зауаем зи щхьэр хэзылъхьа ди адажьэм я фэепIлъыр дэ зэи дигу ихунукъым, ахэр дигу кьыщыдгъэкIыж махуэу накъыгъэм и 21-р дызэрИэри хъарзынэщ, ауэ ди нобэрей псэукIэм дыщыгъуфыкIыфри зедгъэсэн хуейщ. Адыгэхэр зэрызэбграхуам, зауэм хуэд зэрыхэкIуэдам фIэкIа яжедмыIэу къэдгъэхъу, зи акъыл иджыри тэмэму зэрымыуфыда щIалагъуалэм тIощIрэ дызэхуэзащ. Абыхэр зэпэщIэуэзынгъэрэщ. Апхуэдэ зэкъмыхъун папщIэ, кьызыхэкIа лъэпкъым и Iулыджкэр ящIэжу, дунейм зэрытетым щыгуфIыкIыу, я адажьэм я лIыгъэм ирипагэу кьэгъэхъун хуейщ ныбжьыщIагъэр.

- КъэкIуэнур сыт щыгъуи зрапхьр къыдэкIуэтей щIэблэрэщ. Уэри, лъэпкъым бгъэдэлъмрэ кьехъулIэну узыхуеймрэ ущытепсэлъыхькIэ, сыт щыгъуи кьыхьибогъэщ щIалагъуалэм нэхъ жьыджэру ядэлэжьэн зэрыхуейр.

- Ди махуэр махуэ щыкIуэнур ди щIалэгъуалэм дызэкIащIыкIрэ я нэхъыжьхэр я жьантIэу гуфIэгъуэр яIэтмэщ. Абыхэм кьагурыIуэну сыхуейщ жагъуэгъу лей диIэнэр зрызмыщкьэпэр. БлэкIар кьэдулъэпхъэщыжурэ кьуанщэм зауэ етщIылIэмэ, Iэщэкlэ дыпэщIэувэмэ, ди щхьэм кьрикIуэнур хэт и дежкIи гурыIуэгъуэщ. Хамэ къэралхэм щыхэхэс лъэпкъэр абыхэм яхэзгъэзэн щхьэкIэ Iэмалу щыIэр кьагъэсэбэп, дэри дызыхэсыми апхуэдабзэу зедгъэзэгъэн хуейщ.

Ди дуней тетыкIэкIэ, щэнхабзэм, спортым, литературэм, щIэныгъэм, гъуэзджэм, нэгъуэщI унэтIныгъэхэмкIэ екIуэлIэныгъэхэр зыIэрыдгъэхьэрэ къэралым и зыужьныгъэм хэлъхьэныгъэ хуэтщIмэ, дэри гу кьытлъамытэнкIэ Iэмал иIэкъым. Уэращыгугъ, уи дзыхь зэбгъэз хуэн хуэдэу дыкьыщIэвгъэкIи, ди щхьэр лъапIэ зэрыхъум, ди щIыбагъ щIэгъэкъуэн кьиззэрыдзувэм девгъэплъ. Фым кьимышIэ Iейм кьишэрэ жьыхуаIэщи, абы дытеетIэт.

- ФокIадэм и 20-р гъэлъэпIэным теухуа унафэ ди къуэш республикэмкIэ кьыщыгъэмэ, хамэ къэралхэм щыпсэуэхэми кьыддаIыгъмэ, дунейпсо мыхьэнэ зиIэ махуэшхуэ ар зэрыхъунум щэч хэлъгъэкъым.

- Зи гугъу тщIы махуэшхуэм дунейпсо мыхьэнэ иIэу иджыпсту кьизолъытэ. Сыт щхьэкIэ жьпIэмэ, адыгэхэм я гуфIэгъуэ махуэр гъэлъэпIэнэр ДАХ-м и Хасащхьэм нэгъабэ кьыщыхтщтауэ щытащ. Ди апэ итахэр кьэдгъэзыпхъэжьа, кьызэретхьэжьэрэ зыкъом щIа Iуэхур зы илъэс и пэкIэ жьылагъуэ унафэкIэ гъащIэм хэпща хъуащ. Дунейпсо Адыгэ Хасэм и унафэр абы кьудамэу иIэм ягъэзэщIэн хуейщ. Абы ипкъ иткIэ, кьэрал куэдым я лIыкIуэхэр зыихэт ДАХ-м и кьудамэ псоми Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я махуэ япэу 2014 гъэм я гъэлъэпIащ. Ди республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий фIыщIэ худощI, ар кьэрал унафэкIэ зэрыщIигъэбыдзжам щхьэкIэ. Мылажьэгъуэ махуэу игъэуври, ди хэгъуэгум лъпкъыу исхьым зэдалэтыну, загъэпсэхуну, зэдзэгушхуэну Iэмал яритащ. Фы зигу иIуэм, ипэкIэ дыкIуэтарэт жызыIэм а махуэр игъэльапIэнущ.

- Дуней псом текъуэха адыгэм и адажь хэкуу кьилъытэ Къэбэрдей-Балъкъэрым зэпуэф зыхьэзрыщащтами мыхьэнэ гуэр иIэу кьыщIэкIынщ.

- Пэкщ, абы мыхьэнэшхуэ иIэщ. Хэкужьращ ДАХ-м и Iуэхущ-IапIэ нэхъыщхьэр зэпымыууэ щылажьэр. Ауэ ар Адыгэ Республикэмкl Къэрэшей-Шэрджэсми кьызэрыдащтэнымэ шэч кьытесхьэркъым. Ауэрэ ди кьуэшхуэр щыпсэу къэрал псоми щагъэльапIэнущ Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я махуэр. Дэ нобэ зэгъуэгу дыбжьнэ, зы гъэуэгу дызэдыштенэ хуейщ. Фы кьыджэзыIэм, фэрыщIагъэ кьыткIэпльызэзыхьэм и дежкIэ зедгъэбэу дыпсэхуэ, ди Iуэху дэкIыныкъым.

- Хьэутий, махуэшхуэр фокIадэм и 20-м ягъэльапIэныр кьызэзыIыхьар ДАХ-м и Хасащхьэм хэтхэщ. Сыт а махуэм щытыратэхуар? Абы тхыдэ мыхьэнэ иIэ хьэмэрэ, игъащIэми адыгэм и гуфIэгъуэ Iуэхур щыдихьу щыта, бэварIкIэ адрей гъэм и зэманхэм ефIэкI бжьыхьэм тралъэхуа?

- ЩIхьэусыгъуэр кущ мэхъу. Япэу кьыхэзгъэщыну сызыхуейр, дауи, ди адажькъэм хъцэпэцэр Iухьижьи, гъавэр кьежьэлIэжьи яуха нэужь, тхьылъэIущхэу ящIу гушхуэу зэхьихьу зэрыщытыращ, - Гъатхэ унэр гуанэщ - жаIэри, илъэсыр кьа-зэрехулIэнур ямыщIу, джагу ялблэу щытаклым. Хуабэр блэкIауэ, щIыIэр кьэмысауэ, гъавэм и ныкъуэр кьрахьалIэжарэ, и ныкъуэр губгъуэм илъу, кьызыхахьнри яIэу, зыщIгугъри нэхъыбжьу гушхуэныр и чэзуэ кьалъытэри, я хьэгъуэлIыгъуэхэри абдежт кьыщыдахьэр.

Адыгэхэм я махуэр балигъкъэм я закъуэкъым зытещIыхьар. Абы Iэмал имыIэу хэтын хуейкъэм ящыщщ сабий гъэсапIэхэм, курыт школхэм, еджапIэ нэхъыщхьэхэм щIэсхэри. Гъэмахуэ мазэхэр блэкIауэ, зыхьыгъэпсэхуахэри кьежьэлIэжауэ, кьарурщIэрэ мурадыщIэрэ яIэу сабийри балигъри зэрызэхуэсыжьыр кьэтIылтащ. КьищыбэмыщIауэ, ди тхыдэм Iуэху дахэ куэд кьыхощыж фокIадэ мазэм адыгэм кьехъулIауэ.

- Япэу дгъэльапIа махуэшхуэр дахэу кьыщыззрагъэпэщат ди республикэм. УримыгушхуэнкIэ Iэмал иIэтэкъым нэгъуэщI лъэпкъэхэм кьызэрыддаIэтам...

- Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я махуэр дэ ди закъуэкъым зи мазахуэщэр, ар кьыхихгъащ КъБР-м и Iэтащхьэм и псалъэхэмкI. Уегупсысэмэ, хэти ирехуэ, уи закъуэ бгъэльапIэ махуэр мазахуэщэ хъурэ? Дэ дыхуейт дызыхэс къэралыгъуэшхуэмрэ ди республикэмрэ я махуэшхуэхэр, диным екъэлIа даузда-пщэхэр, ди кьуэш балъкъэрхэм я кьэщIэрэщIэжьныгъэ мазэхэр Iэтауэ зэрыдахьэм ещхьу, адыгэхэри дызэхихьэну, димылъэпкъэгъу ди кьуэшхэри кьыткъуэувэну. Хуабжьу ди гуапэ кьащIащ гуфIэгъуэ пщыхьэщхьэм зыкъэрезыгъэхьэлIа, КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм, Парламентым, Правительствэм, нэгъуэщI кьыкIуэщIапIэхэм, Дунейпсо Адыгэ Хасэм нэгъуэщI къэралхэм, щIыналъэхэм щIэ кьудамэхэм я лIыкIуэхэм. Апхуэдэу, Тхьэм ихати, а махуэхэм техуэу Налшык щекIуэкIа щIалагъуалэ зэхьыхьэм кьэрал 20-м кьикIауэ хэта лIыкIуэхэри щIэсащ ди пшыхьым. Гукъинэжу екIуэкIащ а пщыхьэщхьэр, ди республикэм и мызакъуэу, АР-ми, КъШРми, Осетие Ищхьэрэ - Аланиеми я уэрэджьIакIуэхэмрэ къэфакIуэхэмрэ утыкур игъэдэхащ. КъБР-м и кьалэхэм, районхэм кьыщыIэзэрагъэпэща гуфIэгъуэ зэхьыхьэмэ хэтащ балъкъэрхэр, урыскэр, къэзакъэр, нэгъуэщI лъэпкъхэм кьахэкIаэхэр, псалъэ дахэ кэуди адыгэхэм щхьэкIэ жаIащ.

- КъыкIэлъыкIуэ илъэсхэм махуэшхуэм зэрызиубгъунум щэч хэлъкъым. Уэ дауэ уеплърэ абы, сыткIэ ущыгугъэ?

- Япэрауэ, а гуфIэгъуэ махуэр ди гъащIэм хэпщагъэ екIуэкIыну, зиужь зэпыту илъэс кьэс ягъэльапIэну сыхуейщ. Сыт щхьэкIэ жьпIэмэ, абы лъэпкъыр зришэлIэнчущ, зэкъуигъэувэнущ.

Дяпэкlэ едгъэкIуэкIыну махуэшхуэхэм сэ сыхуейт щэнхабзэ, гъащIэ, спорт, щIэныгъэ, медицинэ, литературэ и лъэныкъуэкIэ зэрфIэкI лъагэ зэIурэзыгъэхьэхэр, ди республикэм, ди лъэпкъым и цIэр щIыпIэ жьыжьэхэм, хамэ къэралхэм щызыгъэIуэхэр утыку кьитIэнэу, ахэр щIыхь тхьылъэкIэ, саугъэтэжкIэ дгъэпажэну. Апхуэдэ махуэм кьэбгъэльэгъуэныр куэдщ. Ди хьэщIэхэм, кьыддэпсэу ди кьуэшхэми едгъэлъагъун хуейщ ди ерыскъыхьэм я Iофдгъэныр, ди щIалэ кьуданкъэм я зэфIэкIр, ди щащэр щIыкIафIэхэм я Iэпэлъэсагъэр, уэрэджьIакIуэхэм, кьэфакIуэхэм я утыку итыкIэр, щIэныгъэлIхэм я кьэхутэныгъэхэр, тхакIуэхэм, сурэтыщIхэм, композиторхэм я Iэдакъэщ IэкIхэр, нэгъуэщIхэри.

Идджыри зы: хамэ къэрал щыпсэуэхэмрэ дэрэ дызэкIэлъыкIуэн, нэхъыбэрэ дызэрыщIэн хуейщ. А махуэм ди лIыкIуэхэр нэгъуэщI щIыпIэ щыхэхэс адыгэхэм яхьыхьэн, апхуэдэ дыдэуи ди кьуэшхэр хэкум кьедгъэблагъэжьын хуейщ. Ди бжьыфIагъыр дгъэльагъуэ, ди щыгъуIапстэм и кьуэятыр нэхъыбэм кьедгъащIу, ди щIалэгъуалэр зэрыщыпкIэр я дуней тетыкIэм кьиIуатэу дыкьекIуэжыну сыхуейщ. Кьэдубла гуфIэгъуэ махуэр нэщанэ угъурлы тхуэхъуну, пльэкIыну и пщIэр, и цIэр итыну, ди нэхъыкъэм дахуэхъуэхэр ди нэхъыщIэхэм щапхъэу дгъэльагъуэу куэдрэ псэун лъэпкъ Тхьэм дищI!

- Тхьэм жиIэ!

Епсэльар **НЭщIэПЫДЖЭ Замирэщ.**

● Дунейпсо Адыгэ Хасэ

Псори зыгъэпIейтей Iуэхухэр

ДАХ-м и Iуэхущапсэм щекIуэкIащ Налшык щыщу Гъэзэщ1акIуэ гупым хэтхэм я зэIущIэ. Абы нэхъыщхьэу щытепсэлъыхьащ Сирийе Хэку-рыпэ Республикэм къикIыжауэ КъБР-м щыпсэуухэм я Iуэху зыIутым.

ПСэУПIэ зрагъэгъуэтын папщIэ хуэхха ахъшэр зыIэрыльхьахэм кьызэрагъэсэбэпыным, абы ехьэлIауэ зыхэт гугъуехьхэм кьызэхэсхэр щыгъуазэ ищIащ ДАХ-м и тхьэмадэм и чэнджэщагъэ **Ажахъуэ Къанщоби**й. Абы зэрыжиIамкIэ, къэзэпхъуэжьахэм я нэхъыбэр кьыхуащIхуэ унэхэм щIэсащ.

- Унагъуэ 51-м ахъшэр яхуэдгъэкIуащ, адрейхэм яйри дяпэкIэ яIэрыльхэр, щыгъуэ, Лэскэн районым унагъуэ 11, Благовещенскэ унагъуэ 21-рэ, Крем-Константиновскэ унагъуэ 17 Iэпхъуащ, - кьыхигъэщащ Ажахъуэм. - Газым, псым, лэжьыгъэ Iэнатlэ кьагъуэтыным ехьэлIа гугъуехьэхэр зиIэ яхэтщи, абыхэм я хэкIыпIэр кьэтлъыхъуэу, захуэдгъэзащ кьуажэ, район администрацэхэм я Iэтащхьэхэм. Дяпэкlэ, сэ сызэрепсэлъыкIэ, ди лъахэзыгъэхэр здэIэпхъуэ жьлэхэм хасэхэр кьышащхьэрэзэпэщу, кьызэщIэкъуагъэу щагъбзыкуныгъэйщ зыхуэныкъуэмрэ зыхуейм рэ. Апхуэдэу нэхъ тыншу хуэнущ я гугъуехьэхэр зэфIэахыну.

- Унэр етташ жьпIэу утIысыжь хъунукъым, - пищащ адэкIэ Къанщобий. - Сыт щхьэкIэ жьпIэмэ, ахэр куэд хуэныкъуэщ, унафэщIхэм, жьлагъуэм я гулъытэ абы хэтыжу.

Ажахъуэм жиIащ ди лъэпкъэгъуэхэм хъащхьу унэхэр ирата ахъшэм нэхърэ нэхъ лъапIэмэ, езыхэм я гъэтIылъыгъэ мащIэм щыщ зэрыхъухэжьыр, ремонт зыщIхэри зэрахэтыр, ялныныкъуэхэри яухуэ унэхэм мылькукIэ хьхьауэ зэрыпплъэр, апщIондэху фэтэрхэм щIэсыну зэрамурадыр.

КъаIэта Iуэхум кьыпащэу, адэкIэ кьэпсэлъащ ДАХ-м и Хасащхьэм хэтхэу **Губзыщ1ыкI Владимиррэ Хьэфыщ1э Мухьэмэдрэ**. Абыхэм кьыхагъэщащ, Iэпхъуэшапхъуэр зэфIэкIкIэ, ди кьуэшхэм я лъапIэ Iуэхуэри зэрызэрахуэнур. ИджыпстукIэ ахэр хадэм илажьыхьынуи хуитщ, апхуэдэуи щIы кьратыну кьуажэ администрацэхэм ягурыIэнущ.

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Хабзэм зэхъуэкIыныгъэхэмрэ дэщIыгъуэныгъэхэмрэ хэлъхьапхъэу къэрал политикэм кьызэрыгъэувыр жиIащ ДАХ-м и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий**. Коммерческэу щымыт жьлагъуэ зэгухьэныгъэхэм къэралым хуиIэ Iуэху бгъэдыхьэкIэм ипкъ иткIэ, зэгъэзэхуэжьапхъэхэр зэман кIэщIым кьэрибыдзэу ягъэхьэзырыну кьыхилхьащ Сэхъурокъуэм. Абы техуауэ къэпсэлъащ ДАХ-м и Кьэпщыгакъуэ гупым и унафэщI **Кьуэдзокъуэ Анатолэ**.

Адэкlэ кьызэхуэсахэр тепсэлъыхьащ ДАХ-м и Хасащхьэм и зэIущIэу щэнджэгъуэм и 29-м Налшык щекIуэкIынум кьыщаIэтыну упщIэхэр.

ШЫПШ Даянэ.

● Энергетикэ

УвыпIэ лъагэ

ЩэкIуэгъуэм и 20 - 22-хэм Мэзкуу щекIуэкIа зэIущIэм - «Электрокъарур фейдэ пылъу кьызэрагъэсэбэпымрэ абы кьызэрыдагъахуэмрэ» ENES 2014 ещанэ къэрал зэхуакIуэ форуум - Урысейм Энергетикэмкl и и министерствэм и экспертэхэм кьыщыхагъащащ токыр зэгъэзэхуэнымрэ фейдэ пылъу къэгъэсэбэпыныгъэ теухуа щIыналъэ щIэныгъэ программэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым екъулIэныгъэкIэ зэрыщыпхагъэкIыр.

КъБР-м Энергетикэмкl, тарифхэмрэ псэупIэ кIэлъыпIэлъныгъэмкIэ и къэрал комитетым тоыкъ ныдэгъэхуэныгъэ ар фейдэ пылъу кьэгъэсэбэпыныжьмкIэ и кьудамэм и унафэщI Камарзаев Эдуард. - Гъэзэщ1акIуэ властым и щIыналъэ органым и щIэныгъэ проектым и унэтIакIуэ нэхъыфI» номинацэм и диплом кьыхуагъэфэщащ.

«Электрокъарум кьит фейдэм хэгъэхъуэныгъэ энергетикэм зегъэужьныгъэ» жыхуиIэ УФ-м и къэрал программэм тету, цIыхуи 133-рэ мы гъэм ирагъэджащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и министрэхэм, муниципальнэ округхэм я администрацэхэм я Iэтащхьэхэм я кьуэдзэхэм МИСиС-м (Мэзкуу къ.) я щIэныгъэм щыхагъэхуащ, бюджет Iуэхущ1апIэхэм я лэжьакIуи 107-рэ КъБКъУ-м щрагъэджащ.

Токыр нэхъ фейдэ пылъу кьызэрагъэсэбэп, абы кьызэрыдагъахуэ щIыкIэр хэIущIыну щIыным теухуауэ Урысейм Энергетикэмкl и министерствэр я щIэгъэкъуэну кьызэрагъэпэща урысейпсо зэпеуэм къырикIуар зэхалъхьэжащ, Щ1ыкъ орден зезыхьэ «Телемеханика» ОАО-м щагъэзэщIа проектым Iэщ1агъэпIэхэм оценкэ ПъагэкIра-тащ. «Энергомежджмент системэ нэхъыфI дыдэ, НТД-р хэпщэныжьмкIэ пэрыт» номинацэм хуагъэхьэзыра проектхэм я урысейпсо интернет Iэ1эт зэхьэзэхуэм абы 7-нэ увыпIэр кьыщицхьащ.

ГУЗЕЕВЭ Индирэ.

● Тхьытъыщ1э

ГъукIэпщ Мусэрбий ягу къагъэкIыж

Котляровэ Мариерэ Викторрэ я тхьылъ тедзапIэм иджыблагъэ дунейм кьыщытехьащ тхьылъщIэ. «Зэманыр зыкъомкIэ зыщIэлъыр» тхьылъыр я Iадакъэщ1экIыр журналист икIи тхакIуэ Котляров зэщхьэгъусэхэм.

ТХЬылъыр теухуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и промышленностым и зыужьныгъэм зи цIэр кьыгуэхьапIэ инвалид епха ГъукIэпщ Мусэрбий Мухьэмэд и кьуэм (1933 - 2008). Абы и лэжьыгъэ гъэзэуанэр Нарткъалэ химкомбинатым къыщыщIдзащ, итIанэ Налшык дэт, машинэ щызэпкъралъхь заводым щылэжьащ. Абы щыIэу парт лэжьыгъэ кьыхуагъэпагъуэри, илъэс 20-м щIигъуклэ КПСС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым промышленностымрэ транспортымкIэ и кьудамэм и унафэщIу щытащ.

Республикэм и предприятэхэр кьэгъэщIэрэщIэжьныжьмкIэ, щIэныгъэ-техникэ кьхэутэныгъэщIэхэр абыхэм я лэжьыгъэм кьыщыгъэсэбэпыныжьмкIэ ГъукIэпщым куэд зэфIигъэкIащ.

ГъукIэпщ Мусэрбий дэнэ щымылажьамэ - ар щытащ КъБАССР-м Къэрал планымкIэ и комитетым и тхьэмадэм и кьуэдзэу, республикэм Мылькумкlэ и къэрал комитетым и унафэщIу, иужьрей илъэсхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и промышленнэ лэжьакIуэхэмрэ зэрыгъэзэжьмрэ я зэгухьэныгъэм и президент - игури и псэри зыIэрыт Iэнатlэм етауэ и кьалэныр ирихьэкIащ, зыихэта гупым фIыкIэ яту кьынащ.

Тхьылъыр Котляровэ Мариерэ Викторрэ я тхьахэзыр «ЦIэхэр-зэманхэр» кьыдэкIыгъуэм и еханэ Iыхьащ.

ТХЬЭХУЩIНЭ Ланэ.

● Пшыхьхэр

Макъамэ псынщIэхэр

ЩэкIуэгъуэ мазэм Налшык щекIуэкIа щэнхабзэ зэхьыхьэхэм ящыщу щIалэгъуалэм я гукъыдэжыр къэзыIэта «NalRock» рок-фестивалыр. Ар Налшык дэт спорткомплексым щызэхэтащ.

ЗЭХЬХЬэР кьызэригъэпэщащ «Irenrecords» студием «M Drive» жьлагъуэ зэгухьэныгъэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIалэгъуалэ зэчиифIэхэм защIэзыгъаныкъуэ «M Drive Musik Hall» продюсер центрымрэ щыIэщу.

Зэрыхабзэу, «NalRock»-м ильэс къэс зыкъ ирагъэхьэлIэ рок-макъамэм дихьэхыу Кавказ Ищхьэрэм щыпсэу щIалэгъуалэ куэдым. Апхуэдэу мы гъэм фестивалым зыкъыщагъэльагъуэщ гуп 15-м. Абыхэм ихэтащ ди республикэм щыщхэри адрей щIыналъэхэм кьикIахэри.

«Мыпхэдэ Iуэхухэм щIалэгъуалэр макъ кьабзэм драгъэхьэх. Спорткомплексым и уиэр пшыхьэм щыщIа щIыналъэхэмри, дэ дызыхущIэкъуагъ фестивалыр нэхъ щIэщыгъуэу зэредгъэкIуэкIынырц. Ди мурадщ кьыкIэлъыкIуэ зэхьыхьэр нэхъ зэIуахуэ тщIыну», - жиIащ «NalRock»-м и кьызэгъэпэщакIуэхэм ящыщ Байсиев Темырзан.

Къыхэдгъэщынут зэхьыхьэм Къэрэшей-Шэрджэсым, Осетие Ищхьэрэ - Алание, Ставрополь крайм кьикIахэр зэрыкъэгар, рок макъамэм кьызэрыхьэхьэрэ куэд мыщIа гупхэми я зэфIэкIым хагъэпIэну абдеж Iэмал зэрыщIаIар.

КЪАНЩДАУЭ Мэлычпэхьу.

● Узыншагъэ

Машинэхэм къахохъуэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым узыншагъэр хъумэныжьмкIэ и Iэнатlэм и медицинэ транспортхэр щIэкIэ зэрахъуэкI. Жэпэгъуэм и пщIэндзэм республикэм къыIэрыхьащ «А» классым щыщ «Дзэпыкъуэгъу псынщIэ» машинэу 25-рэ. Мы махуэхэм къахуэкIуащ «В» классым щыщ «Дзэпыкъуэгъу псынщIэ» машинэхэр, реанимобиль, цIыхухэр къызэрырашэкI «ГАЗель» автобусу тIу.

КъБР-м узыншагъэр хъумэныжьмкIэ и министрым и кьуэдзэ КхъуэIуфэ Аслъэн зэрыжиIамкIэ, машинэхэр травматологие кьудамэхэр щыщIыгъэIуахыну я мурад Прохладнэ, Iуащхьэмахуэ, Тэрч, Шэрдэж, Аруан район сымаджэщхэм ирагащ. Ахэр псори сыт и лъэныкъуэкIи зыхуеину Iэмэпсымэхэмкlэ кьызэгъэпэщащ.

- Медицинэ Iэнатlэхэм я транспортхэм 2007 гъэ лъандэрэ щIэуэ зыри кьахэхъуакъым, абыхэм я процент 90-р жьы хъуащ - жиIащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и кьуэдзэ – узыншаг

● Текiуэныгъэ Иныр илъэс 70 щрикъум ирихьэлIэу

Къуршыбгъэ

Ди лъэпкъэгъу, къуохьлъатэзехуэ лIыхъжь Хьэмдэхьу Башир къыззералъхурэ илъэсищэ ирокъу.

ДИ КЪЭРАЛ псом зыхуегъэхьэзыр Хэку зауэшхэм щыпсытхьа Текiуэныгъэ иныр илъэс 70 зэрырикъур гъэлъэпIэным. Хуабжьу дригушхуэу жыдоIэ абы ди Къэбэрдей-Балъкъэр щыкIуми хэлъхьэныгъэ ин зэрыхэушIар. Бий хэщхьэрыIуэм ялэщIэувэрэр, я гъащIэр ятащ ди лъахэгъу мин 40-м нэблагъэм. Ахэр я псэ еблэжакъым фIыуэ ялъагъу я Хэкур яхъумэн папщIэ. LIыгъэ зезыхьа нэгъуэщI куэдми къалъэзэжащ орденыбгъэу, зыкъомым я къулыкъум пащащ. Иужьрейм ящыщщ нобэ зи гугъу дхуэтщI, зауитIым хэта, Бэракъ Плъыжь орденищ, Хэку зауэм и орденым и ялэ нагъыщэр, Ушаковым и орденыр зыхуаГъэфэща подполковник, Дзэ-Хьэуа Къаурухэм я полк щхьэхуэм и унафэщIу щыта Хьэмдэхьэу Башир.

Аруан районым щыщ Старэ Шэрэдж къуажэм щыпсэуэ Хьэмдэхьэуэ Хьидрэ Баринэрэ я унагъуэм 1914 гъэм щэкIуэгъуэм и 29-м къыщалъхуа Башир къуажэ школым иужькIэ педучилищэр кIуиухри, илъэситIкIэ егъэджакIуэу лажьащ. АрщхьэкIэ щIалэщIэр сыт щыгъуи уэгум щIэхъуэпсырт. Арати, 1936 гъэм Налшык аэроклубым къыщызэрагъэпэща курсхэр кIуихащ. А илъэс дыдэм ВЛКСМ-м и ЦК-м и кIыхьуеджэныгъэкIэ езым фIэфIу Дзэ Плъыжьым хьихьащ, иужькIэ и щIэныгъэм Краснодарэ Севастополрэ щыхигъэхъуащ.

1938 гъэм лейтенант Хьэмдэхьэм бомбоззекъэ авиацим и кхъухьлъатэзехуэу япэ щыкIэ Ленинград дзэ округым, 1939 гъэм къыщыщIэдзауэ Хэку зауэшхэр иухыху Ищхъэрэ флотым кIулыкъу щицIащ. Финляндиемрэ Норвегиемрэ я бийуэ ирагъэкIуэкIа зауэм хэтащ, абы къыщигъэлъэгIуэ хахуагъэм щхьэкIэ. «LIыгъэ зэрызэрихьам папщIэ» медалыр кхъухьагъэфэщащ, 1941 гъэм фокIадэм и 16-м лейтенант нэхъыжь Хьэмдэхьэм Бэракъ Плъыжь орденыр къратащ Баренц тенджызым фашистхэм я кварухэр щызэтекIэтэныкIэ кIыгъэлъэгъуа зэфIэкIым папщIэ. Башир и закъуэ е гупым хэту хэщIыныгъэшхуэ яритащ Ищхъэрэ флотым къебгъэрыкIуэхэм: зы зэпрыкIыпIэ, батареитI зэхаскъутащ, кхъухьлъатипщI къуардыхащ, зы транспорт, лыжэ мин 15 зыщIэлъ склад, бензин игъэхъуапIэ ягъэсащ, Луостарирэ Лаксельврэ я аэродромхэм сурэтхэр трахащ.

Абы папщIэ СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым 1942 гъэм бадзэуэгъуэм и 23-м къыдигъэкIа унафэм ипкъ иткIэ Хьэмдэхьэм Бэракъ Плъыжь орден етIуанэу къратащ. КъиГъэпсалъэуэ пIыгъэмрэ хахуагъэмрэ пэкIуэу Башир Командующэ Нэхъыщхьэ Сталин Иосиф и фIыщIэ тхыпхъэр мызэ-мытIэу къыхуагъэфэщащ.

1943 гъэм и щIышылэм майор Хьэмдэхьэ эскадрильем и унафэщIу яГъуэващ. Абы и гупым ди союззгъу кхъухьэр хьумэныкIэ кьиГъэлъэгъуа зэфIэкIым папщIэ 1943 гъэм мэлыжьхьым и 6-м Башир къыхуагъэфэщащ Хэку зауэм и орденым и ялэ нагъыщэр.

Ди Хэкум и тенджызэ гъунапкъэхэр хьумэным мыхьэнэ ин зэрилэр къалъытэри, СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и указкIэ Нахимовымрэ Ушаковымрэ я орденхэр яГъуэвауэ щытащ. Ищхъэрэ флотым и Iэтащхьэ адмирал Головко Арсений и унафэкIэ майор Хьэмдэхьэу Башир Ушаковым и орденым и етIуанэ нагъыщэу №30 зыхетГъэуар кхъухьагъэфэщащ. А зэманым Ищхъэрэ флотым и ВВС-хэм къыдагъэкIыу щыта «Североморский летчик» газетым майор Хьэмдэхьэм и сурэтхэр къытрадзащ и дамыгъэ лъапIэхэр и бГъэм кхъэщIуукIыу. Абы щIэтт мыпхуэдэ псалъэхэр: «Хьэмдэхьэу Башир Хьид и къуэр Заполярьем щызэуащ 1939 гъэми. Абы щыГъуэм а зауэр кIыхьу екIуэкIа-къым, арщхьэкIэ кхъухьлъатэзехуэ ныбжьыщIэм езым и лIыгъэмрэ зэфIэкIымрэ къыщIэпIэгъэфащ. Абы щыГъуэм кратащ «LIыгъэ зэрызэрихьам папщIэ» медалыр. Ялэ махуэхэм къыщыщIэдзауэ Хьэмдэхьэу Башир Хэку зауэшхэм хэтщ. Нэмыцэхэм абы и удынхэр щагъэунэхуащ Лицэ КхъухьэпIэм, Луостарим, Варангёр, Кирченес щыпIэхэм. Иджы Хьэмдэхьэу Башир кхъухьлъатэзехуэ ныбжьыщIэхэр егъэсэ. Ди Хэкум и къуэ пошхьэм орденипII хуагъэфэщащ».

КхыкIэлъыкIуэ дамыгъэми зигъэгъакъым: Ищхъэрэ флотым и командующэ адмирал Головко Арсений и унафэкIэ 1945 гъэм Хьэмдэхьэу Башир Бэракъ Плъыжь ещанэ орденыр къратащ (псори зэхэту орденхэр тху ирикъуат).

Хэку зауэшхэм и ужькIэ Дзэ-Хьэуа къаурухэм я офицер курс нэхъыщхьэхэр къиуухащ. 1949 гъэм гъатхэпэм и 4-м Хьэмдэхьэу Башир подполковник цIэр кхыфIащащ икIи мыгувэу яГъэуващ Хы Хуэм флотым и ВВС-хэм я полк щхьэхуэм и Iэтащхьэу.

1950 гъэм бадзэуэгъуэм и 11-р гуэзвэгъуэу кхыщIэкIащ Башир, абы и Iыхьлыхэм, республикэ псом я дежкIэ. Полкым и унафэщIым и кхъухьлъатэр бгъэм жьэхэуащ, пшагъуэ Iув кхъэзыртрихуам кхыхэкIыу. Хьэмдэхьэр хэкIуэдащ. Кхъаралым и Дзэ-Хьэуа къаруухэми, Хьэмдэхьэуэ я пIэрэгъкъым, ди лъахэми кхъэ Iуэззэджэ яфIэкIуэдащ. Ар Сарабуз кхъэм щыщIалъхьащ. И къуэш нэхъыщIэ Мухьэмэд щIыпIэм лъатэри, унафэщIхэм, Башир и Гъусэу кхулыкъу зыщIэхэм яхуэзащ. Мухьэмэд и мурадт Башир и хьэдэр къишэку и кхуэжьи щыщIилъхьэжыну. Ауэ абы щхьэкIэ кхулыкъущIэ нэхъыщхьэ дыдэхэм хуит укъащIын хуейт. И анэ Баринэ и цIэкIэ Сталин Иосиф зыхуагъэзэн хуей хъуащ. Хьэдэр къэшэжыным икIи щIэрыщIэу щIэлъхьэжыным теухуа Iузку псори зэфIагъэкIащ Хьэмдэхьэу Башир зи унафэм щIэта адмирал Головко Арсений я пашэу. 1950 гъэм жэпуэгъуэм и 26-м пщIэшхуэ иIэу Хьэмдэхьэу Башир щыщIалъхьэжащ езыр щалъхуа Старэ Шэрэдж къуажэм. Республикэм и Правительствэм и унафэкIэ Хьэмдэхьэу Башир фэеплъ сыш хуагъэуващ. АрщхьэкIэ и Iыхьлыхэм, есым и къуажэм

Зыгъэхьэзырар Щхьэщэмыщ Иэзэд

● Жыэгъуэхэр

Лыгъэр ящэркъым икIи къащэхуркъым

● ЦIыхур зэрыдахэр и фэм и закъуэкъым.
● Факъыреэми насыпыфIэу зыкъелъытэж, и къэлэтмакъым из щыхъуам деж.
● Щхьэ фIейр пхущIмэ, къабзэ хъужыкнущ, ауэ гур фIеймэ, дауэ зэрыбгъэкъабзэнчр?
● Зи гур къабзэм и бзэр и IэфIщ.
● ЦIыхум и гум удыхьэн папщIэ, абы и бгъэр зэгуэбгъэжьын хуейкъым.
● Къыпхуэмеём уемылъэIу - уи щхьэр пуд хъунщ.
● Хьэрэ пэт фIымрэ Iеймрэ зэхечъэкIыф.
● Гунэфым и нэр къаплъэми, илъагъуркъым.
● Фы зыщIэнур чэнджэщ хуэныкъуэкъым.
● IурыцIэлъ зыщхъ псор нысащIэкъым.
● ЦIыху бзаджэм уебзэрабзэкIэ, и бзэр IэфI пхуэщIынукъым.
● Хъуанэм хъуанэ къешэ.
● Ехъуапсэри архъуанэм хэлъащ, жи.
● Лзэужьыр бжьыблкIэ мауэ, жаIэ, атIэ сыт лЫфI къуэфI щIыхуэмыцыр?
● Лыгъэр ящэркъым икIи къащэхуркъым.
● Фадэм кърихур гум илъым и закъуэкъым, щхьэм илъри дегъакIуэ.
● ШыфIрэ лЫфIрэ жаIэ, ауэ шыфI утескIэ иджыри улЫфIкъым.
● Вы тIыса имыгъэтэджми, цIыхур имыгъэтIысу кърехуэкI.

КIУАНТIЭ Iэзид.

● Хъуэхъу

Лэскэн районым хыхьэ Хьэтуей къуажэм щыпсэу Къанло Аидэ Арсен и пхъум и ныбжьыр илъэси 7 зэрырикъумкIэ дохъуэхъу

Ди пщащэ дахэм гуфIэгъуэрэ дэрэжэгъуэкIэ гъэнщIа сабийгуэ уиIэну, уи уафэр къащхъуэрэ щIыльэр щхъуантIэу, уи пщIэр лъагэрэ уи псэр къабзэу, уи насып вагъуэр узгум итУ, уи щэныбрэ акъылымрэ уи цIэр фIыкIэ ягъэIуу, цIыхугъэр къыбдэбагъуэу, уи адэ-анэр, къыбдалъхуаэр уэркIэ гушхуэу, гуфIэгъуэ кIэнщэр уи Iэпэгъуэ упсэуну Тхьэм жиIэ!

Уи анэшхуэ Замирэ, Артур, Аминэ, Алинэ, Алмирэ, Алланэ.

Батырдэгу Рустам Пиренеихэм щхьэдох.

Кхъуэщэ Ахьмэд.

Адыгэ щIалэхэмрэ адыгэшхэмрэ дунейпсо утыку йохьэ

● Лъэпкъ Iуэху

Иджыблагъэ Франджым щекIуэкIа Дунейпсо шууей джэгуэхэм ди республикэм щыщ щIалэхэри хэтащ, адыгэшым и зэфIэкIыр иджыри зэ ягъэлъэгъуэн мурадкIэ. Ахэр «Къэбэрдей-Балъкъэр ВТК» (1 КЪР) телеканалым и лэжьакIуэ Щоджэн Мурат, адыгэш гъэхъуным елэжьхэу Къхъуэщэ Ахьмэд, Батырдэгу Рустам сымэщ.

Iуэхур къыззрагъэпэщащ Адыгэш зыгъэхъуэхэм я зэгуэхьэныгъэу Франджым щыIэмрэ «Шым сыт хуэдэ гъунапкъэри зэпеупщIыф» дунейпсо зэгуэхьэныгъэмрэ.

Шы гъэхъуныр сыт хуэдэ зэманми щIэшхуэ зыпылъ Iуэхущ. Ар къохъулIэн папщIи абы ельэлIа щIэныгъэ уиIэн, шыIэныгъэрэ бэшэчагъэ пхэлъын хуейщ. Адыгэхэм ижь-ижьыж лъандэрэ шы ягъэхъуу, адыгэшым и зэфIэкIымрэ къарумрэ ирагъэфIакIуэу къоГуэгурыкIуэ. Ди къэралым и мызакъуэу, хамэ хэку кудми адыгэшыр къыщащIыху икIи къыщагъэсэбэп. Къэбэрдэгъэлъагъуэмэ, Европэм и къэралибгъум адыгэш къэгъэхъуным щолажь. Абыхъэм ящыщу блым адыгэш зыгъэхъуэхэм я зэгуэхьэныгъэхэр щолажь.

Апхуэдэ зэгуэхьэныгъэу Франджым щыIэм и унафэщI Деберт Жули и гъусэу Дунейпсо шууей джэгуэхэм иращIэкIа Iуэхугъэхэм хэта икIи адыгэшым и зэфIэкIхэри абы щызыгъэлъэгъуа ди щIалэхэр а Iуэхум тхутопсэлъыхьыж.

- А ДЖЭГУХЭМ щIэдзапIэ яхуэхъуаеу жыпIэ хъунущ дызэрыт гъэр шым и илъэсу зэрыщытыр. Адыгэш зыгъэхъхэмрэ ар фIыуэ зыпгъэгъуэхэмрэ я зэгуэхьэныгъэу Урысейм щыIэм и тхьэмадэм тхыгъэ къыхуагъэхьащ республикэм и лIыкIыхэр а зэхьыхьэм хэтыну ирагъэблагъэу. Iуэху гуапэр щекжьэм, ар ди республикэм и Iэтащхьэмэ къыддиIыгъащ. Уеблэмэ, зэхьэзэхуэр къыхэзыпхьахэм фIыщIэ тхьилъэр яхудигъэхьащ, - жеIэ **Щоджэн Мурат**. - Адыгэшхэр зэрыбгъэшэчыр, гъуэгуанэ кIыхь псынщIэу зэрызэпачыфыр иджыри зэ дгъэнэIуащ. Абы дыкIуэн и пэ къихуэу зы шыгъажэ едгъэкIуэкIащ. Абдеж къыщыхэтащ Дунейпсо шууей джэгуэхэм дызэрыхэтыну щыхэр. Зыхуэсым Германием и лIыкIуэу цIыху куэд кърихьэлIащ. Апхуэдэт профессор Райсман Мониказ и пашэ, Гумбольдт Вильгельм и цIэр зэрихьэу Берлин дэт университетым и лэжьакIуэхэр. Ахэр ифIэгъэщIэгъуэну йолэжь адыгэшым и лъым и зэхэлъыкIэр къахутэным.

Франджым щекIуэкIыну дунейпсо зэхьэзэхуэм хэтыну щыхэр къыхэхыным, ахэр зэпеуэм хуэгъэхьэзырным я къару халъхьащ Урысейм Шы гъэхъунымкIэ и щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым, КъБР-м мэкъуэшэ хозяйствэмкIэ и щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым я лэжьакIуэхэм. Дунейпсо шууей джэгуэхэм ди республикэм щыщу хэта щIалэхэм зэрыжаIамкIэ, шы лъэпкъым зегъэужьыныр къыгуэхьипIэ имыIэу епхащ ар гъэнэхуным. Франджым щекIуэкIа зекIуэри апхуэдэ гъэнэхуп1эт.

Зэхьэзэхуэм хэта ди хэкуэгъу **Къхъуэщэ Ахьмэд** жиIащ Испаниемрэ Франджымрэ щыпсэуэхэм республикэм икIахэр гуапэу зэрырагъэблагъэр, пщIэрэ щIыхьрэ яхьхуащIу хьэщIагъэшхуэ къэзрыкIэпызэрахьар, адыгэшым и зэфIэкIыр, абы гъэзэгуанэ кIыхь зэрызэпичыфыр къыззралъытар.

- Зэхьихьэ, зэхьэзэхуэ гъэщIэгъуэн куэдым ди лъэпкъ фащэр тщыгъыу дыхэтащ, ди нэгу зиужьащ. Ерысыкъы Iэнэ берычэтхэр къытхуащIу, испаниябзэкIэ, франджыбзэкIэ уэрэдхэр къыджаIащ, бысымхэм я лъэгу дыщIагъэплъащ. Дэри пщIэ къызытеднакъым: адыгэ уэрэдыжьхэр яжеIащ, ди кьафэхэр дгъэлъэгъуащ. Бысымхэм хуабжьу ягу ирихьат ди лъэпкъ щэнхабзэр. КIэщIу жыпIэмэ, ди кьалэнхэр зэрыдгъэззэщIэным фыпылъащ, къыдэхъулIауи къытщоху, - жеIэ Ахьмэд.

Адыгэшу дуней псом щыIэр зыхуэзащIыр, абыхэм я шыфлIыфэр къыщыгъэлъэгъуа тхьилъыр къыдэгъэкIыным йолэжь Урысейм Шы гъэхъунымкIэ и щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтыр. А институтым и унафэщI Калашников Василий, тхылъым ихуэну адыгэшхэр къыхэзытхыкI Амщокъуэ Хьэжысмел сымэ, Адыгэш зыгъэхъуэхэмрэ ар фIыуэ зыпгъэгъуэмрэ я зэгуэхьэныгъэм хэтхэр зэчэнджэщри, Франджым щекIуэкIыну зекIуэм хэтыну щыхэр илъэситху я ныбжьу къыхахат, шы нэхъ щIалэхэмэ зэфIэкIыщхуэ зэралэр къагъэлъэгъуэн щхьэкIэ.

- Зэхьихьэм хэтахэм къыхагъэщащ илъэситху фIэкIа мыхъуа шыхэм апхуэдэ зэфIэкI щаIэкIэ, ныбжь зиIэ адыгэшхэр нэхъ бэшэчыжу зэрыщытыр. Дишхэм Франджымрэ Испаниемрэ я гъунапкъэ Пиренеим щегъэжьауэ километр 1270-рэ зэпачри, Нормандиеми ирикIуахэщ. Дыщежьар ди щIыналъэм хуэдэу бгылъэ щIыпIэт, адэжкIэ мэзт, Атлантикэ хым пэгъунэгъути, пшахъуалъэт, - жеIэ **Батырдэгу Рустам**. - Франджэр ягу ирихьащ. IэщIагъэлIэхэм къыззралъытамкIэ, апхуэдэ гъуэгуанэ кIыхь зэпызычыфыну шы лъэпкъ куэд щыIэкъым. Ар зыхуэзфIэкIхэм ящыщщ адыгэшыр.

Спорт и лъэныкъуэкIэ къапщтэмэ, адыгэшыр шыгъажэми хуэщIауэ щытщ, гъуэгуанэм и кIыхьагъэм емылъытауэ. Къэбгъэлъагъуэмэ, а лъэныкъуэмкIэ нобэ бжьыпэр зыIыгъыр хьэрыпышырщ. Я шы лъэпкъыр егъэфIэкIуэным хьэрыпхэм ахъшэшхэ трагъэкIуадэ.

Шыгъажэш нэхъ цIэрыIуэхэр ди зэманым къыщагъэхъур, щагъасэр Франджыращ. Ди республикэм щыщхэр Франджым кIуэн и пэ къихуэу, Адыгэш зыгъэхъуэхэм я зэгуэхьэныгъэ УФ-мрэ Франджымрэ щыIэхэм зэгурыIуэныгъэ зэращIылIат. Абы къыззрыщыгъэлъэгъуамкIэ, зекIуэ нэжьым дишхэр а къэралым къагъанэу, къыкIэлъыкIуэ зэпеуэм абы щыхуагъэхъэзырыну ираащ. А зэгурыIуэныгъэм тету, зекIуэм зи зэфIэкIымрэ бэфIэкIуэным хьэрыпхэм ахъшэшхэ адыгэшхэр нобэ Франджым щагъасэ, зэхьэзэхуэхэм зэрыхэтыным щыхуагъэхьэзыр.

«Ди къэралым щы зыгъэхъуу исхэм я пщIэр дунейпсо утыкум щызыгъэлъэгъуащ», - къажриIащ Рязань областым къыбгъэдэхьIу УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым хэт Морозов Игорь Франджым ди щIалэхэм къащыщыIущIам.

ЗекIуэм и мыхьэнэри и пщIэри яIэтащ Iуэхур дунейпсо утыку зэрыщекIуэкIам, адыгэ фащэхэр зыщыгъ щыуейхэр ди лъэпкъ макъамэм щIэту утыкум щэнейрэ зэрырашэжам.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Щоджэн Мурат Франджым и сэхуран губгъуэм итщ.

● Прозэу тха усэ

КъэщIэрей дыдэ

Мор-мыр жыхуаIэ къэщIэрей нэхъ цIэрыIуэхэр зэхуэсауэ я фIэщыпэу зэпеуэрт.

Щи, тхьэмадэр щIоупщIэ:
- Сыт псом нэхьрэ нэхь IэфIыр?

Адрейхэм зы гъэтыгъуей гуэр къалъыхъуэхункIэ, зыгуэр къэпсалъэри жиIащ:
- Псом нэхьрэ нэхь IэфIыр псырщ.

Куэдрэ зэныкъуэкъуа, мащIэрэ зэныкъуэкъуа, сытми икIэм-икIэжьым псори абы арэзы техъуащ.
- НтIэ, сыт псом нэхьрэ нэхь лъапIэр?

НэгъуэщIхэр мылъкум, быламым егупсысыхункIэ, нетIэрей гуэрым жеIэ:
- Псом нэхьрэ нэхь лъапIэр зыри зыщIумыту къэбгъэтарщ - Хэкурщ.

АбыкIи арэзы мэхъу зэхуэсахэр.
- ТIур тэмэму къэтхутащ, - жеIэ къэщIэрейхэм я тхьэмадэм, - иджы зы упщIэ къэнэжащи, абы и жэуапыр хэт къыгъуэтми, къэщIэрей дыдэр мис аращ:
- Сыт псом нэхьрэ нэхь хьэлъэр?

Абы хуабжьу игъэгупсысащ къэщIэрей хасэм къыщызэхуэсахэр. Зым мывэ, жи, адрейм гъущI, жи.

ЩымыхьужьыкI, япэрей упщIитIым жэуап езыта лIыр аргуэрыжьку къопсалъэ:
- Мывэ е гъущI къыпхуэмыIэтыр зыгуэр зыдэбгъэIэпыкьуу къэпIэт мэхъу. Псом нэхьрэ нэхь хьэлъэр уи Хэкум пIэщIэ ухъунырщ. Ар зыми къыдигъэпсынщIэфынукъым.

КЪЭЖЭР Хьэмид.

● Фэ фщIэрэ?

Псалъэхэм я мыхьэнэр

Дзыгъуэщхьэц джанэ. Сабий пIымым екъэлIа хабзэщ. Сабийм и щхьэр япэу зыупсам джанэ иратырт. Хабзэр щIыпIэ-щIыпIэкIэрэ иджыри щагъэзащIэ.

Дзыгъуэщхьэцупс. Сабийм и щхьэцыр япэу щаупсым ираущIэкI хабзэщ. Ар игъэзэщIэну нэхъ зыхуагъэфащэр хьэл-щэн дахэ зыхэлъ, хьэблэм пщIэ зыхуащI цIыху зэпIэзэрытт. Сабийм и щхьэр зыупс хабзэр цIыхухъут, абы щхьэкIэ гугъуехьыпщIэу джанэ иратырт, Iэнэ къыхущIэрти ягъэхъуахъуэрт, еыми псалъэ гуапэ хужаIэрт. Апхуэдэ гуфIэгъуэ зэхэхьэм «Дзыгъуэщхьэцупс кIэ» еджэрт.

Жэмхэгъаеэ. Ижь зэман лъандэрэ фызышэм хэту къекIуэкIа хабзэщ. Пщыхэм, уэрэхъэм япхъухъэр щрагъашэкIэ, я пщыIхэм щыщ зы хьыджэбз гъусэ хуащIырти ягъакIуэрт. Абы «жэмхэгъасэкIэ» еджэрт. Жэмхэгъасэр зы илъэскIэ нысащIэм къыхунщI и унафэу, абы и IуэхутхьэбзащIэу щытт. Илъэсыр дэкIа иужь ар кIуэжьну е нысащIэм и пщыIу къэнэну хуитт. Жэмхэгъасэу зэрыщытым папщIэ, абы зы жэм, шы е вы ираутырт. Пщырэ пщыIрэ щымыIэж хъуа нэужь, «жэмхэгъасэу» я благъэ ягъакIуэу щытащ.

Хабзэр XIX лIэщIыгъуэм и кIэхэм кIуэдыжащ.

Жэнэ. Жэнейхэр. Адыгэ лъэпкъым щыщ зым зэрелджэщ, а лъэпкъым щыщ цIыху.

Пасэм щыгъуэ жэнэ адыгэ лъэпкъым и цIыхухэр куэд хьууэ, щIышхуи яIыгъыу щытащ. Ахэр щыпсэуащ Псыжь (Кубань) и ижьырабгъу бгъуэщIым. Жэнэхэм я щIым къуэкIыпIэмкIи къухъэпIэжьмкIи жьыжьэу зыщиукъуэдийрт, ипщэ лъэныкъуэмкIэ ар Кавказ къуршхэм еуалIэрт.

Жэнэ адыгэ лъэпкъым щхьэхуитныгъэр зыпищI щымыIэу къэгъуэгурыкIуащ. Ахэр лIыгъэ яхэлъу куэдрэ еэзуащ кърым тэтэрхэм. Ахы ФIыцIэм и Iуфэм пащтыкь быдапIэхэр щагъэувы, къэзакъхэр къыIуагъэтIысхьэу хуежьа нэужь, жэнэхэр Псыжь и ижьырабгъу лъэныкъуэмкIэ кIуащ. Щыхэмрэ узэрыхэмрэ зыхэмыкI зауэ кIыхьхэм, Кавказ зауэжьым, Истамбылакlуэм жэней адыгэхэм ящыщу къелар мащIэщ. Зегуэр лъащу щыта жэнэ лъэпкъым щыщу къэнахэм я жьыгэр Пщыщ псым Iус Чэрэней и закъуэщ.

Жэнэхэр адыгэу ятх, адыгей литературэбзэм ироспасалъэ. МусЪымэн-суннитхэщ.

Жэщщыс. Жылагъуэ зэхэтыкIэм екъэлIа адыгэ хабзэщ. Гъавэр кърахьэлIэжу, гъэмахуэ хъупIэхэм Iэщыр кърагъэхьажу цIыхухэр зэхущIыхьэ щыхъу бжьыхьэ-щIымахуэ лъэхъэнэм щIалэгъуалэр пщыхьэщхьэкIэрэ зы унагъуэ гуэрым щызэхуэсырти щызэхэст: щефэщешхэрт, щыджэгурт. Апхуэдэ зэхуэсым «жэщщыскIэ» еджэрт.

НыбжьыщIэхэм унагъуэ щыхьэщIэнур япэщIыкIэ хагъэбеджьылыкIырт, ягурыIуэрти, пIалъэу ягъэува пщыхьэщхьэм абы щызэхуэсырт. Ирафынумрэ ящхынымрэ езыхэм кърахьэлIэрт, хъыджэбзхэр ягъэпщафIэрти, зэхэст гушыIэхэу, я нэгу зрагъэжьэу. Апхуэдэ зэхэсхэм зи къэшэгъуэ щIалэхэмрэ зи ишэгъуэ хьэжьэбзхэмрэ щызэрыщIыхурт, зэпыльэ-зэдэгушыIэхэр щызэпсалъэрт. Ингатъуэ гуэрым щIалэ е хьыджэбз хьэщIэ къыхуэкIуамэ, ар ирагъэщIыхун щхьэкIэ жэщщыс ящIуи щытащ.

ДУМЭН Хьэсэн.

● Къуажэхьхэр

Дэп къезыхьэкI

Хадэ хъумэ,
Хъумэрей,
Дыгъу къэкIуами,
Зэи мыхъей.

МафIэм пэрыхьэ,
Дэп къезыхьэкI.

Пхъэ зэгуэдзэ
Блын едзын.

Псы щIыIэ мащэ,
Мащэ IэрыщI.

Бзэгу зимыIэу
Къэпсалъэ,
Iэ зимыIэу
Пшынауэ.

ЩОДЖЭН Леонид.

Жэуапхэр:

Пышэ Iэрыгъэ. Пшэчэрий. Рашэ.

● Псалъэжьхэр

Зы гъэр тIэу къакIуэркъым

♦Джыдэ имыхьу мэз макIуэ, кIапсэ имыщтэу мэкъушэ макIуэ.
♦Дзыгъуэ пэтрэ щIымахуэм хуогъэтIылъэ.
♦Зи жьэ куэдж жиIэм и Iэ куэд ищIэркъым.
♦Зы гъэр тIэу къакIуэркъым.
♦Лэжьыгъэм уегъэлъапIэ, щхьэхынагъэм уегъэпуд.

● Шхыныгъуэхэр

Мэлыл пшэр, тебэкIэ гъэжьауэ

Мэлыл пшэрыр г 50 - 60 и хьэлъагъуэрыз яупщIатэ е зэпуд, псы щIыIэкIэ ятхьэщI, тебэм иралъхьэри псы щIыIэ щIаIэ, шыгъу хадзэ, зэлащIэурэ мафIэ иным тету зэ къытрагъэкъуалъэ, тхъурымбэр къытрахыурэ. ИтIанэ мафIэр щабэ ящI, тебащхьэр трапIэри ягъавэ псыр щIэвэщIэху, дагъэри къыщIидзыху. И дагъэ къыщIидзамкIэ лыр ягъажьэ, тхъуэплъ дахэ хъуху.

МафIэр цIыкIу ящI, тыкъырыщхъуэрэ упщIэта бжьыныщхьэ халъхьэ, зэIащIэ, тебащхьэр трапIэри зэIащIэурэ дакъыкъэ 2 - 3-кIэ ягъажьэ, шыбжий хаудэри, зэIащIэурэ иджыри зы дакъикъэ хуэдизкIэ ягъажьэ. ИтIанэ зэIащIэурэ абы шатэ хакIэ, бжьныхуэ уба халъхьэри тебащхьэр тепIауэ мафIэ щабэ дыдэм тету хьэзыр хъуху дакъикъи 3 - 4-кIэ ягъэбэкхъ.

Iэнэм щытрагъэувэкIэ тепщэчым иралъхьэ, бжьын цIынэ зэпыгъэлъэлъа тракIутэ. Пштыру, пIастэ, мырамысэ хуабэ, щIакхъуэ и гъусэу яшх.

Халъхьэхэр (зы цIыху Iыхьэ): мэлыпу - г 350-рэ, бжьныщхьэ укъэбзауэ - г 40, бжьныху укъэбзауэ - г 15, шатэу - г 50, бжьын цIынэу - г 20, псыуэ - г 150-рэ, шыгъуу, шыбжийуэ - узыхуейм хуэдиз.

«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхылъым къытхыжащ.

● Гу зылъытапхъэ

Горький Максим и цIэр зезыхьэ Урыс драмэ театрым мы спектаклхэм фрегъэблагъэ

Дыгъэгъазэм и 4-м
Сининэ Н. Я. «Кто украл светофор?!» (*макъамэ псысэ-детектив*)
ЩыщIидзэр сыхьэт 11.00-рщ.

Дыгъэгъазэм и 5-м
Рацер Б., Константинов В. «Невеста из Имеретии» (*комедие*)
ЩыщIидзэр сыхьэт 19.00-рщ

Дыгъэгъазэм и 6-м
Пуркин Д. «Красная шапочка» (*псысэ*)
ЩыщIидзэр сыхьэт 12.00-рщ

Дыгъэгъазэм и 7-м
Маршак С. Я. «Теремок» (*шыпсэ*)
ЩыщIидзэр сыхьэт 13.00-рщ

Дыгъэгъазэм и 9-м
Камолетти М. «Семейный ужин с любовным гарниром» (*комедие*)
ЩыщIидзэр сыхьэт 19.00-рщ

Дыгъэгъазэм и 13-м
Сининэ Н. Я. «Кто украл светофор?!» (*макъамэ псысэ-детектив*)
ЩыщIидзэр сыхьэт 11.00-рщ

Дыгъэгъазэм и 14-м
Машаду К. М. «Сокровище Бразилии» (*псысэ*)
ЩыщIидзэр сыхьэт 13.00-рщ

Дыгъэгъазэм и 20-м
Машаду К. М. «Сокровище Бразилии» (*псысэ*)
ЩыщIидзэр сыхьэт 12.00-рщ

Дыгъэгъазэм и 21-м
Сининэ Н. Я. «Кто украл светофор?!» (*макъамэ псысэ-детектив*)
ЩыщIидзэр сыхьэт 13.00-рщ

ХэщIапIэр: Налшык къалэ, Музыкэ театр.
Кассэр: 77-42-08; 8 928 914 9996; 8 906 483 7166

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЬкъэIэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Кьардэн Маритэ, НэщIэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ Иэз.**

Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленриным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КъУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхуэхэмкIэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Iуэхущ1апIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэдэжьныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдэзэкIаIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемрэ 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ1апIэм -42-26-41; суэрэтехым - 42-75-78.

Теддэз тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщIэта Iуэхугъуэхэм я нэжагъым Iэ аузэр зитхаэм нэсу жыуаи жэ, Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епIыкIэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэтлъ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуэцитIуэм и 14-м Печатым и хунтыныгъэр зыхъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ1апIэм №Н-0065-м щIэту я ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Ленриным и уэрам, 33

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: **жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къанокъуэ Эльэ, редактору Уэрдокъуэ Женя, корректору Щоджэн Заирэ,** *корректорым и дэлэпкъуэгъу* **Мыррзэкъан ФатIимэ.** *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Дол Маринэ, Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ, Мэлбахъуэ Анжелэ,** *суэрэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.648 ● Заказ №2299